 Mohan : oalah ngoten nggeh pak. Niki kulo kale rencang teng meriki niku PKL pak, praktik kuliah lapangan. Dados teng kampus niku mahasiswa sing bade lulus niku mesti dikengken ngabdi nang instansi-instansi sing berhubungan kale kampus, salah sewijine nggeh Dinas Sosial Kota Malang. Kale Dinas Sosial Kota Malang

diutus teng meriki pak. Kulo kale rencang-rencang niku kebagian blok barat niki. Katah lintune mahasiswa UIN nggeh an sing teng meriki namung kebagian blok-blok sing benten kale kelompok kulo. Lek kulo mboten bingung. Kulo teng meriki niat daftar dados tiyang meriki. Adapun kulo pinaringan nilai kuliah mergi kulo praktik kuliah lapangan teng meriki, niku kulo anggep bonus. Kulo kale kelompok mung pengen sareng-sareng dandani nopo mawon sing saget didandani. Kulo manut kale warga sekalian. Kulo nggeh sakniki sampun dados warga teng meriki. Apik e deso nggeh apik e kulo. Enten nopo-nopo e deso nggeh tanggung jawab kulo lahwong kulo sampun daftar dados warga teng meriki.

Pak Gatot : masuk wis sampean siap-siap dadi wong koleng ya mas soale nang kene podo koleng kabeh wong-wong e. Hahaha ojok kaget mas neng kene aku seneng guyon. Sampean karo arek-arek nginep ndek omah nomor 19 ae, soale kosong gak berpenghuni. Kasur mau wis tak lebokno nang kamar omah 19. Saman butuh opo-opo ngomong ae mas bee butuh wajan kompor atau opo wae. Santai ae nang kene mas sampean bee butuh tuku beras opo bumbu budal nang pasar deso sebelah.

Mohan : oh enggeh aman pak, kulo matur nuhun teng jenengan sampun diparingi tempat teng meriki.

Pak Heri : iyo mas nang kene iki warga binaan dari dua daerah sing gede. Sijine teko Sukun, sijine teko Muharto. Akeh-akehe mek dua daerah tok. Liyane onok seh tapi siji loro uwong tok. Koyok aku ngene asline Banyuwangi mas Mohan. Cuma aku ngontrak omah ndek Muharto.

Hakiki : oh iya iya pak.

Mohan : niki rokok pak, niki enten cemilan.

Pak Imron : kopi ne teko bos. Monggo anget-angetan. Sampean ga seneng ngombe mas? Ngombe arak?

Mohan : matur nuhun pak kulo ngombe wedang ae.

Pak Imron : menawi kerso arak. Biasa mas wong embongan ngene iki mas. Onok kumpul-kumpul titik wes langsung urunan tumbas arak

Mohan : oh nggeh pak, monggo lek bade mimik arak, namung kulo menghormati mawon mboten minum kulo.

Pak Mbeng : gausa wis ngopi ae ambe cerito-cerito biasa ae.

Rudi : sampean kos opo ngontrak mas nang Malang?

Hakiki : lek aku kontrak mas, lek Kurnia ambek Mohan nge-kos. Kontrakanku ambek kos e arek-arek iki yo daerah sekitar UIN mas.

Pak Mbeng : apane sigura-gura?

Hakiki : Joyosuko pak, ngertos?

Pak Mbeng : yo ngerti mas, aku biyen lek mulung rosok nang kono.

Mohan : oh nggeh a pak? Sampek sakniki nopo sek ngerosok?

Pak Mbeng : semenjak nang kene yo engga mas, mek dadi buruh tukang timbang tok. Masalahe lek mulung terus kenek ciduk ambek dinas, dikei sanksi mas. Sanksi ne diusir mas. Makane wong-wong seng nang embong gak tau mudun embong maneh, wedi mas ketemon bu Kus, ketua Dinsos.

Mohan : loh ngerosok iku nopo pekerjaan sing mboten pantes menurut e dinas?

Pak Mbeng : iyo mas, dinas iku pengene warga kerjo sing layak mas. Tapi yo piye neh pelatihan sing dikei gak efektif. Tau dikei pelatihan ternak lele tapi banyune gak cocok ndek kene mas. Lah wong langkah-langkah e wes dituruti kabeh lahkuk oleh seminggu wis mati lele ne. Dikei pelatihan ternak udang tapi yo sampek saiki gaono kabar.

Hakiki : pelatihanope mung niku tok a pak?

Pak Gatot : tau dikei pelatihan gawe topeng mas. Topeng sing gawe ciri khas e kene ikulo. Tapi yo ngono mas, mbulet. Warga gak sepiro niat soale saiki kampung wisata e sepi. Coba dikei wahana liyane koyok flying fox utowo kolam renang. Tapi yo mboh maneh mas, kene iku serba repot. Masalahe panggone kene nang tengah-tengah alas. Sinal ae angel. Hiburane mek nguna-ngunu tok. Ate protes tapi aku dewe yo gak wani mas. Biyen akeh pengunjung mas foto-foto nang ngarep ikon topeng gede nang isor kono. Kabeh podo rebutan jogo parkir. Sampek aku tukaran ambek pak RT pekoropak RT yo jaluk jatah. Akhire tak kei jadwal giliran mas. Sing warga isor gak tak olehi parkir mergo warga isor cek ne dodolan jajan ambek es ae kan pengunjung podo melayu rono. Warga dukur cekne oleh duek parkir. Lah kok bertahan mek 3 ulanan tok. Kampung etambah sue tambah kotor gak kerawat. Akeh topeng rusak, sampah gak karuan, ambu pesing nang endi-endi padahal jeding e wis disediakne. Emboh aku dewe yo kadang males mas resik-resik. Aku dibayar gawe ngurusi sampah tapi lek bendino sampah e koyo ngene sue-sue pegel. Coba warga podo nyadar gelem resik-resik gelem ngerawat kampunge dewe.

Mohan : mboten damel pelatihan piyambak pak? Mboten damel kegiatan kerja bakti sareng sak deso?

Pak Gatot : coro aku sugih tak gawekno pelatihan mas. Lah wong kene iki wes melarat, utange akeh sisan. Winginane dikei duek ambek dinas telung juta limangatus gawe wirausaha, tak entekne gawe bayar utang mas, susuke gawe acara. Garai utangku akeh mas. Warga liyane paling nasibe podo ambek aku digawe bayar

utang duek sing dikei dinas wingi hahahaha masalah kerja bakti wes tau di agendakno tapi panggah ket biyen sampekk saiki modele urip dewe-dewe. Coba kampunge dirawat kan isok garai pengunjung kerasan. Lek pengunjung kerasan, bakulane wong-wong rame.

Pak Heri : iyo aku tok mas sing gae duek teko dinas tak gawe modal usaha. Tuku rompong ambek bahan-bahan mie pangsit karo bahan-bahan ronde lan tawa. Lek Gatot ancen dasarane wong ruet, akeh utange hahaha

Mohan : wah wah ayahab niki lek ngeten, dadi program kerja dinas mboten melampah nggeh terkait wirausaha. Tapi masalah kerja bakti mosok mboten saget diusahaken?

Gatot : lah iki tugase mahasiswa mas.

Pak Mbing : iyo mas, sampean tolong kondisikno warga ben sadar akan kebersihan lingkungan. Jane kene kudu due wadah ben iso ngembangno ide warga, tapi opo gaonok koyoke. Coba onok wadah paling iso berkembang dan gawe menyalurkan ide mas.

Mohan : loh, kulo niki sampun dados warga teng meriki pak, hehe dados noho mawon kegiatan sing bade dilakoni monggo sareng-sareng kulo n derek mawon. Damel strategi mawon pak kirane warga saget kempal sedanten terus baru bahas program kerja kito sing anyar hehehe

Pak Bambang : masuk pol iku cak, saiki dangdutan sek ae tak jekekne ketipung.

Perbincangan malam hari itu dilanjut dengan bermain gitar dan bernyanyi bersama.

Lampiran 6: Kumpulan Fakta Pra Intervensi

1. terdapat 13 kepala rumah tangga dan 14 ibu rumah tangga, 18 anak-anak berusia 2 tahun sampai sebelas tahun serta terdapat 9 remaja berusia 12 tahun sampai 19 tahun. (obs 6,7,8)
2. pada pukul 07.00 sampai 09.00 WIB, observer belum melihat ada kegiatan di blok barat desa. Hanya terlihat beberapa ibu-ibu rumah tangga yang sedang berbelanja bahan masakan yang dibeli dari tukang sayur keliling. (obs 9,10)
3. Pada pukul 07.20 observer melihat anak-anak warga blok barat desa sekitar 6 anak berangkat menuju sekolah (obs 15,16).
4. pukul 09.00-10.00 WIB warga perempuan yang juga sebagai ibu rumah tangga mulai mengantri mandi di kamar mandi umum dengan membawa pakaian yang ada di dalam ember lengkap bersama sabun cuci baju. Mereka memilih aktifitas memasak terlebih dahulu kemudian mandi (obs 26,27,28,29).
5. observer melihat masih banyak anak yang sedang bermain dan belum mandi (obs 30).
6. Observer melihat tidak ada warga yang mengambil sampah dan membuang sampah di tempat sampah (obs 31,32).
7. Lingkungan blok barat desa terlihat banyak sampah plastik, kertas, bekas botol minuman, daun gugur (obs 32,33).
8. Masing-masing rumah warga blok barat desa dilengkapi dengan tong sampah (obs 33,34).
9. observer melihat petugas kebersihan desa yang juga salah satu warga desa blok barat bernama pak Bambang membersihkan sampah yang berserakan di lingkungan desa (obs 34,35,36)
10. ia menyirami bunga dan tumbuhan yang tumbuh di desa (obs 38)
11. Ada dua lokasi kamar mandi umum, di sebelah timur blok barat desa dan di ujung barat blok barat Desaku Menanti (obs 40,41).
12. Masing-masing kamar mandi umum tersedia empat kamar mandi (obs 41,42).
13. Kamar mandi yang berfungsi dan digunakan oleh warga blok barat desa hanya satu kamar mandi (obs 42,43).
14. Keempat kamar mandi ujung Timur blok barat desa tidak dilengkapi dengan pintu penutup, gayung, air dan saluran air yang macet (obs 45-46).
15. Di kamar mandi yang tidak terpakai itu, observer melihat banyak sampah menumpuk dan bau tidak sedap yang terdiri dari bau sampah dan bau bekas air kencing (obs 46,47,48)
16. Sedangkan di empat kamar mandi sebelah timur blok barat desa, observer melihat hanya 3 kamar mandi yang bisa digunakan (obs 48,49)
17. Kondisi dalam kamar mandi timur blok barat desa terdapat sampah plastik berserakan dan banyak lumut menempel di dinding serta juga beraroma tidak sedap (obs 53,54,55)
18. Menurut informasi salah satu penjual makanan disana, dahulu semua warga desa berhak berjualan disana (obs 65,66)
19. Namun setelah beberapa bulan peresmian tempat wisata yang dilakukan oleh walikota Malang terpilih, Abah Anton, Desaku Menanti mulai sepi pengunjung (obs 68,69,70).
20. banyak warga yang sudah tidak berjualan makanan disana, khususnya warga blok barat desa yang meninggalkan gerobak dan lapak dagangannya disana (obs 70,71)
21. Observer kerap kali melihat pemuda desa blok barat dan juga bapak-bapak yang menjadi kepala rumah tangga di blok barat desa membuang air kencing di sembarang tempat. Mereka membuang air kencing di depan halaman rumah, di sebelah tiang listrik dan dibawah pohon (obs 80,81,82)
22. Tidak ada warga yang membersihkan lingkungan blok barat desa yang berserakan sampah kecuali petugas kebersihan (obs 83,84,85)
23. saya gak punya rumah dan harus mikir biaya sewa rumah (WWH 14, 15)
24. Rumah di desa ini dikasih mas, tapi hak pakai bukan hak milik (WWH 18,19)
25. Tunawisma yang ada di jalan diangkut pol pp kemudian diberikan arahan dan di rehabilitasi bahasa lainnya gitu (WWH 20,21)
26. Kurange akeh mas, kayak kuburan aja kita belum ada (WWH 24)
27. Kekompakan juga belum terjalin mas (WWH 25)
28. Disini itu koyok gak ngurus liyane mas (WWH 28)
29. Mereka bersihkan rumah mereka masing-masing (WWH 30)
30. pekarangan dan lingkungan, kamar mandi dan sekitar desa ya diurus pak Bambang (WWH 30, 31)
31. Meskipun pak Bambang digaji mbok ya sadar diri jangan nambahi pekerjaan pak Bambang dengan membuang sampah ndek ngarepan oma (WWH 32,33)

32. Mereka warga disini sudah dilengkapi fasilitas tong sampah padahal (WWH 34)
33. Kamar mandi itu ya satu mas, kamar mandi umum (WWH 39)
34. Tapi ada beberapa warga yang buat kamar mandi sendiri di belakang rumahnya (WWH 39,40)
35. Pas aku mandi di kamar mandi umum tiap aku mandi tak sikat mas, tak bersihkan, aku juga nguras seminggu sekali, tapi aku dewean mas, tak pikir-pikir kalau gini caranya ya capek (WWH 44,45,46)
36. padahal wis tau tak singgung ben podo gelem nyandak kebersihan, malah jarene gak melok due, kan repot mas, daripada tukaran sak koncoan mending aku ae ngalah (WWH 46,47,48)
37. Ngerasakan yang lain cuma bisanya ngotorin dan tidak peduli sedangkan kita yang bersihkan itu ngenes mas (WWH 49,50)
38. Mungkin mereka sadar tapi tidak sepenuhnya mas. Harus ada pemicu atau teguran keras (WWH 52)
39. Padahal disini gak sedikit loh mas anak-anak yang tiba-tiba terserang penyakit (WWH 53)
40. Harusnya lebih sadar tentang kepedulian lingkungan, kampunge dewe yo kudu dirumati (WWH 53,54)
41. Ohiya sudah gapapa mas tinggal aja disana. Yang penting mas Mohan harus tahu kondisi warga disana (WWN 21,22)
42. Objeknya tentang kesadaran diri warga pak di lingkungan blok barat desa (WWN 25)
43. meskipun satu desa, ada tiga daerah kan ya, barat, timur, dan selatan (WWN 26,27)
44. Kalau di Timur itu mereka kompak, kalau di Blok Barat mereka cenderung individual dan kalau di Selatan agak kurang rukun mas. Kecuali rumah kordinator desa (WWN 27,28,29)
45. Kondisi warga di blok barat sih sebenarnya aman mas, dulu mereka awal pindah ya paling kompak, tapi gatau kok gak rukun kemudian (WWN 32,32)
46. Makanya mas disana hati-hati mas, biasanya kalau ada mahasiswa atau tamu yang sedang berkunjung, mereka cenderung memanfaatkan dalam bentuk minta bantuan dan mereka juga sering mengolok-ngolok dinas atau pembina desa mas (WWN 34,35,36,37)
47. warga itu tidak pernah bersyukur mas (WWN 40)
48. Saat mereka tidak mengikuti pelatihan terus kemudian mereka gagal dalam bekerja, yang mereka salahkan pembina desa (WWN 46,47)
49. Mereka loh membersihkan rumahnya sendiri aja jarang mas (WWN 49)
50. Masing-masing rumah diberikan fasilitas alat kebersihan gratis, malah tetap saja gak mau bersihin (WWN 52,53)
51. program pengentasan kemiskinan gagal karena mereka tetap saja banyak yang turun ke jalan (WWN 54,55)
52. masalah kebersihan mas, yang paling parah ya di blok barat mas (WWN 62).
53. mereka sepertinya anti membersihkan diri (WWN 63)
54. Yo ngene iki mas kebiasaan warga tiap harinya, jagongan bendino ben bengi, yo guyunan karo ngopi (JG1 31,32)
55. Tapi ijek mending mas timbangane blok isor (JG1 39)
56. nang kene akeh sing gak akor podo tonggo mas (JG1 42)
57. semenjak nang kene yo engga ngerosok mas, mek dadi buruh tukang timbang tok (JG1 91)
58. dinas iku pengene warga kerjo sing layak mas (JG1 95)
59. Masalah panggone kene nang tengah-tengah alas. Sinyal ae angel. Hiburane mek nguna-ngunu tok (JG1 103)
60. Kampung e tambah sue tambah kotor gak kerawat. Akeh topeng rusak, sampah gak karuan, ambu pesing nang endi-endi padahal jeding e wis disediakne (JG1 108,109,110)
61. aku dewe yo kadang males mas resik-resik (JG1 110)
62. Aku dibayar gawe ngurusi sampah tapi lek bendino sampah e koyo ngene sue-sue pegel (JG1 110,111)
63. coro aku sugih tak gawekno pelatihan mas. Lah wong kene iki wes melarat, utange akeh sisan (JG1 115,116)
64. masalah kerja bakti wes tau di agendakno tapi panggah ket biyen sampek saiki modele urip dewe-dewe (JG1 118,119)
65. Coba kampunge dirawat kan isok garai pengunjung kerasan. Lek pengunjung kerasan, bakulane wong-wong rame (JG1 119,120)
66. mas, sampean tolong kondisikno warga ben sadar akan kebersihan lingkungan (JG1 127)

Lampiran 7: Fakta Sejenis Pra Intervensi

observer melihat petugas kebersihan desa yang juga salah satu warga desa blok barat bernama pak Bambang membersihkan sampah yang berserakan di lingkungan desa (obss 34,35,36)	Warga malas membersihkan lingkungan
ia menyirami bunga dan tumbuhan yang tumbuh di desa (obss 38)	
pekarangan dan lingkungan, kamar mandi dan sekitar desa ya diurus pak Bambang (WWH 30, 31)	
Meskipun pak Bambang digaji mbok ya sadar diri jangan nambahi pekerjaan pak Bambang dengan membuang sampah ndek ngarepan oma (WWH 32,33)	
Aku dibayar gawe ngurusi sampah tapi lek bendino sampah e koyo ngene sue-sue pegel (JG1 110,111)	

Lingkungan blok barat desa terlihat banyak sampah plastik, kertas, bekas botol minuman, daun gugur (obss 32,33).	Kondisi Lingkungan kotor
Masing-masing rumah warga blok barat desa dilengkapi dengan tong sampah (obss 33,34).	
Mereka warga disini sudah dilengkapi fasilitas tong sampah padahal (WWH 34)	
Harusnya lebih sadar tentang kepedulian lingkungan, kampunge dewe yo kudu dirumati (WWH 53,54)	
Mereka loh membersihkan rumahnya sendiri aja jarang mas (WWN 49)	
Masing-masing rumah diberikan fasilitas alat kebersihan gratis, malah tetap saja gak mau bersihan (WWN 52,53)	
masalah kebersihan mas, yang paling parah ya di blok barat mas (WWN 62).	
Kampung e tambah sue tambah kotor gak kerawat. Akeh topeng rusak, sampah gak karuan, ambu pesing nang endi-endi padahal jeding e wis disediakne (JG1 108,109,110)	

Ada dua lokasi kamar mandi umum, di sebelah timur blok barat desa dan di ujung barat blok barat Desaku Menanti (obss 40,41).	Kondisi kamar mandi umum
Masing-masing kamar mandi umum tersedia empat kamar mandi (obss 41,42).	
Kamar mandi yang berfungsi dan digunakan oleh warga blok barat desa hanya satu kamar mandi (obss 42,43).	
Keempat kamar mandi ujung Timur blok barat desa tidak dilengkapi dengan pintu penutup, gayung, air dan saluran air yang macet (obss 45-46).	
Di kamar mandi yang tidak terpakai itu, observer melihat banyak sampah menumpuk dan bau tidak sedap yang terdiri dari bau sampah dan bau bekas air kencing (obss 46,47,48)	
Sedangkan di empat kamar mandi sebelah timur blok barat desa, observer melihat hanya 3 kamar mandi yang bisa digunakan (obss 48,49)	
Kondisi dalam kamar mandi timur blok barat desa terdapat sampah plastik berserakan dan banyak lumut menempel di dinding serta juga beraroma tidak sedap (obss 53,54,55)	
Kamar mandi itu ya satu mas, kamar mandi umum (WWH 39)	
Tapi ada beberapa warga yang buat kamar mandi sendiri di belakang rumahnya (WWH 39,40)	

Observer melihat tidak ada warga yang mengambil sampah dan membuang sampah di tempat sampah (obss 31,32).	Warga tidak peduli kebersihan
Observer kerap kali melihat pemuda desa blok barat dan juga bapak-bapak yang menjadi kepala rumah tangga di blok barat desa membuang air kencing di sembarang tempat. Mereka membuang air kencing di depan halaman rumah, di sebelah tiang listrik dan dibawah pohon (obss 80,81,82)	
mereka sepertinya anti membersihkan diri (WWN 63)	
aku dewe yo kadang males mas resik-resik (JG1 110)	

Kekompakan juga belum terjalin mas (WWH 25)	Kekompakan belum terjalin
Disini itu koyok gak ngurusi liyane mas (WWH 28)	
Mereka bersihkan rumah mereka masing-masing (WWH 30)	
Mungkin mereka sadar tapi tidak sepenuhnya mas. Harus ada pemicu atau teguran keras (WWH 52)	
Kalau di Timur itu mereka kompak, kalau di Blok Barat mereka cenderung individual dan kalau di Selatan agak kurang rukun mas. Kecuali rumah kordinator desa (WWN 27,28,29)	
Kondisi warga di blok barat sih sebenarnya aman mas, dulu mereka awal pindah ya paling kompak, tapi gatau kok gak rukun kemudian (WWN 32,32)	
nang kene akeh sing gak akor podo tonggo mas (JG1 42)	
masalah kerja bakti wes tau di agendakno tapi panggah ket biyen sampek saiki modele urip dewe-dewe (JG1 118,119)	

Pas aku mandi di kamar mandi umum tiap aku mandi tak sikat mas, tak bersihkan, aku juga nguras seminggu sekali, tapi aku dewean mas, tak pikir-pikir kalau gini caranya ya capek (WWH 44,45,46)	Warga tidak merasa memiliki lingkungan
padahal wis tau tak singgung ben podo gelem nyandak kebersihan, malah jarene gak melok due, kan repot mas, daripada tukaran sak koncoan mending aku ae ngalah (WWH 46,47,48)	
Ngerasakan yang lain cuma bisanya ngotorin dan tidak peduli sedangkan kita yang bersihkan itu ngenes mas (WWH 49,50)	
Coba kampunge dirawat kan isok garai pengunjung kerasan. Lek pengunjung kerasan, bakulane wong-wong rame (JG1 119,120)	

Padahal disini gak sedikit loh mas anak-anak yang tiba-tiba terserang penyakit (WWH 53)	Terjangkit penyakit
---	---------------------

Jane kene kudu due wadah ben iso ngembangno ide warga, (JG1 127,128)	Ide warga tidak terakomodir
Coba onok wadah paling iso berkembang dan gawe menyalurkan ide mas (JG1 128,129)	

Lampiran 8: Jagongan Hari Kedua

Malang, 30 Juli 2017

Mohan : pak Gatot, jagongan maleh ta?

Pak Gatot : sek mas ngenteni Rudi karo Tono. Sampean gadue gitar ta mas?

Mohan : enten jane teng kos-kosan.

Pak Gatot : jane sampean gowo mas, cek gak suwung.

Kurnia : gitare sopo dek kosan Han?

Mohan : gitare Iqbal, arek Psikologi 2015.

Kurnia : mene ae pas balek rene digowo.

Pak Gatot : loh, ate balek ng Malang ta mas?

Mohan : enggeh pak, bade damel laporan PKL. Sabtu kale Minggu tok kulo kale Kur lan Hakiki balek teng ngandap. Senin pagi kulo sampun teng meriki maleh.

Pak Gatot : jane kuliah ancen angel. Mangkane sampean sing serius mas. ojok goyah ben gak nyusahne wong tuo sing bayari. Koyok Hakiki iki, wes tuek, senior kok jek kuliah ae haha rupane kerasan haha

Hakiki : haha lah pripun maleh pak Tot, aku disayang ambek dosenku eh, gaoleh cepet lulus haha

Pak Gatot : isok ae es es haha

Mohan : hehe nggeh ngoten niku pak, dee bakat dados gojek, pinter ngelesi haha

Kurnia : Lah kae Rudi.

Pak Gatot : Rud, nyele mug e gawe kopi. Teko endi kon?

Rudi : iki karo mas Tono teko jukuk beras nang isor.

Mas Tono : lah wong-wong wingi do jukuk aku karo Rudi wayah ngamen. Untung saiki sek isok dijukuk.

Pak Gatot : iyo wes ndang balik rene es, jagongan ikilo. Wis disediakno kopi.

Mas Tono : sek cak, tak jukuk rokok sek.

Mas Rudi : iki cak Tot, endi kopine?

Hakiki : kene mas Rud, tak genakno.

Kurnia : iyo ngono bos, sekali-sekali ngudek haha

Hakiki : nyocot rek haha

Pak Gatot : saman kerasan a mas ndek kene?

Mohan : kerasan pak.

Pak Gatot : saman mas Kur?

Kurnia : kerasan kulo pak.

Pak Gatot : Hakiki kerasan?

Hakiki : kerasan pak, enak hemat ndek kene haha opoo emange pak?

Pak Gatot : gak jijik saman dek kene? Jedinge kemproh, ambune pesing. ojoko jeding. Sampean majuo ta nango suket iku, lak pesing. Padahal ndek kene iki omah gawe istirahat, malah garai gak kerasan. Aku mending balek nang Sukun mas. tapi piye neh, nang Sukun aku kudu ngontrak gubuk maneh, penggawean gak mesti. Bayaran gak sepiro. Mendem e bendino. Atene gak melok mendem gak enak bareng konco.

Mohan : terus pripun econe pak? Direngkisi ta ben bersih?

Pak Gatot : iyo ojo saman tok mas. Ngene iki enake kerja bakti mas.

Mas Tono : lek saman tok ngerisiki mas, enak sing liyane laan? Meneng nang omah moro metu omah wes rijik.

Hakiki : loh gaonok kerja bakti ta opo ndek kene mas?

Mas Tono : genok mas, sopo sing gelem. Paling sing kerjo yo ika iku ae. Ndek kene gae rukun ae angel mas. iri-irian tok isine.

Pak Gatot : kene iki kampung ruet mas. Opo maneh sebelah iki, Heri Tahwa. Biyen kene ambek dinas iku rukun mas. Duek gawe kerja bakti mudun terus. Gara-gara Heri biyen meroyeki sedot WC nang jeding iko.

Kurnia : piye ceritane pak kok ngono?

Pak Gatot : ngene mas, kan WC ne buntu, terus bu Kus iku ngomeng. Akhire jare Heri timbangane saman nyelok tukang sedot WC, mending dueke sampean kekno aku buk tak ngajak warga liyane gawe nyedot WC. Akhire aku, mas e Ipan, Bambang, pak e Khalifah, Kung, ambek Heri mas sing nyedot WC. Jane Heri wis keliru merekrut anggota, lah wong isor gak diajak ambek dee. Jane aku gak gelem, tapi tak delok peluang mas, anakku yo lagi butuh seragam sekolah. Akhire aku gelem. Maringono WC digarap, mari sedinoan. Lah bengine Heri iku hubungi bu Yuyun. Dee due nomere dinas sopo wae mas. Gak sopan jane dee opo-opo mesti lapor langsung nang Bu Yuyun. Masalah cilik, langsung lapor. Opomane bojone iku. Gateli sak bojoan iku. Lah dee ngirim WA nang bu Yuyun jarene WC wis mari disedot. Posisine iku dino Sabtu bengi mas.

Bu Yuyun wis janjeni dino senin. Eh Heri WA ngene, buk, kalau tidak dibayar malam ini, orang Madura yang ada dibawah desa akan marah karena dia bekerja keras tapi uangnya tidak dibayar. Langsung bu Yuyun ngekno duek dino Minggune ambek ngomel mas. Perjanjian awal ngajak warga deso malah deso sebelah sing dilapori Heri kerjo nguras WC. Dee iku gak sabaran. Karepe dewe. mangkane saiki bu Yuyun agak loro ati mas mari di ngonokno ambek Heri.

Mohan : loh jenengan kok boten lapor teng Bu Yuyun masalah niku?

Pak Gatot : uwes mas, tapi jenenge kadung loro ati, yowes gak percoyo mas. akhire ngene iki imbase bu Yuyun gak bakal dukung acara kerja bakti. Lek bu Yuyun gak dukung, duek gawe tuku mangan-mangan mari kerja bakti otomatis yo gak mudun. Emboh Heri iku gateli kok ancene. Mandek nang saman tok yo mas? gausa cerito Heri, timbangane rame. Pak Brewok ngerti masalah iki mas. Mangkane dee ambek Andik pojok sebelah omahe Tono gak gelem serawung saiki. Biyen akur kabeh mas.

Mas Tono : saking ae tonggoku ketbiyen nang Muharto mas. Lek enggak yo tak gasak endase Heri iku.

Rudi : wong gak masuk iku mas.

Mohan : ampun ngoten pak, mas, saiki wayahe dandani ae ben podo akur. Pak Heri Brewok diajak ae mene Jagongan. Sopo eroh iso ngei saran pemecahan masalah-masalah sing nang deso kene. Khususe masalah kebersihan.

Pak Gatot : iyo benno mene ae tak omongane wonge. Sopo ero gelem. Sampean engkok lek wong e wes teko melbuo ae nang omahe mas. Ambek gowo kopi terus takono tentang deso. Ojok didukuri mas, diendeki ae ben dee gelem cerito terus lek dee gelem cerito mene tak ajake jagongan. Program e PKL samean jagongan ae mas. Kan enak, wis dadi toh lek ndek kene? Pokoke lek terimo eong kene ae gampang kabeh mas hehe.

Mohan : nggeh pak, alhamdulillah. Program bukan hanya untuk PKL tapi damel sedanten warga blok barat pak.

Kurnia : injeh cekne saget sareng-sareng nang keapikane warga kabeh.

Lampiran 9: Jagongan Hari Ketiga

Malang, 31 Juli 2017

Pak Gatot : wes lumayan iki wonge gawe jagongan maneh. Lanjutno sing wingi mas Mohan, piye enake?

Pak Heri : iyo wingi aku gaisok melok soale awak kudu gering ae. Ademe koyok ngene eh. Pokoke Malang iki titenane adem mesti pas wayah Juli lan Agustus.

Mohan : kulo manut mpun econe pripun kulo derek. Kolowingi kulo, Kurnia lan Hakiki jagongan kale pak Gatot. Pak Gatot cerios kuatah mengenai masalah sing enten teng deso teng meriki. Antara lain masalah kordinator sah pilihan warga sing boten enten. Lek kordinator pilihan dinas, nggeh enten. Artine boten enten wadah damel warga berdialog kale dinas sebagai pembina desa. Mantun niku masalah kebersihan desa lan kesadaran memiliki bersama. Pak Gatot paham betul masalah teng meriki, sampek tanggal-tanggal kegiatan penting teng meriki beliaune hapal hehe

Pak Heri : Gatot dilawan haha dee due gelar teko pak Sutiaji, Gatot Koco. Mangkane saiki dicelok Gatot haha

Pak Mbing : haha loh mas Mohan, sampean fokus nang kampung blok kulon tok?

Mohan : enggeh pak, kulo kebagian tugas dados warga blok teng meriki hehehe

Pak Heri : kopine sek digodokno banyu, sek sabar. Hakiki nandi?

Kurnia : sek sholat pak.

Pak Imron : iyo sek dienteni ae mesisan. Mumpung onok warga anyar, ayok noto bareng kampung blok kene ben iso dadi contoh gawe blok liyane. Pokok syarat utamane kudu kompak. Ben muara e jelas lan iso digugu lan ditiru.

Rudi : kene mas ki, sampean lungguh kene jejerku.

Pak Imron : ha iki lakone wes teko, ayo wes dang diudek kopine.

Pak Heri : nyelang gelase mron. Iki kopine.

Pak Gatot : iki karepe piye? Bahas opo iki?

Mohan : bahas masalah sing enten teng meriki pak, khususe blok teng meriki, masalahe nopo mawon.

Pak Gatot : lek masalah e akeh mas, isok-isok sampek mene gak mari hahaha koyok pengangguran, kebersihan, gak akur podo tonggo, gak peduli nang liyane, gak kompak, tapi emboh maneh lek nyoba sarane Imron, kompak.

Hakiki : sek pak, dibahas setunggal-setunggal mawon.

Pak Bambang : iyo ngene ae, kene gawe wadah disek gawe jagongan ben isok bendino diomong. Cek gak koyok mahasiswa sing wingi, gawe list masalah, pas disebutne areke podo ga balik. Lek mas Mohan gak ngarah isok balik, lahwong nginepe kene kok. Lek balik yo tak susul nang omahe, sekalian nyekar mbah Ampel haha

Pak Imron : wadah gawe pemuda, awak dewe kan sek enom hehehe asuu

Pak Gatot : iyo gawe grup ae, koyo komunitas.

Pak Mbing : ojo komunitas, kurang akrab engkok. Paguyuban ae.

Pak Heri : masuk, paguyuban wbs.

Pak Gatot : paguyuban Jantiwit, Jagongan Anti Ruet. Ben ngilangno ruet-ruet sing onok haaaa masalah jagongan ngene bendino isok-isok ngurangi dampak gak akure podo tonggo. Pelan-pelan podo kumpul. Koyok Mas Andik iki wingi gaonok, saiki melok kumpul.

Pak Bambang : masuk iku, jagongan anti ruwet. Dadi engkok saben jagongan bahas masalah terus bahas solusi.

Pak Heri : sampean catet mas, onok kertas kan?

Hakiki : niki enten kertas karton, mengke di tempelno mawon.

Pak Heri : iyo, masalah pertama banyak warga tidak akur. Masalah kedua kebersihan lingkungan yang belum sadar untuk warga merawat lingkungannya. Pengangguran. Sarana prasarana. Tapi masalah keakraban gausa dibahas, diagwe jagongan bendino diajaki ngeneki lak waras-waras dewe.

Pak Bambang : enake digawe bendino a jagongane?

Pak Gatot : sak sempete ae, bendino ya bendino lek prei yo prei pokok nang kampung iki gawe gebrakan lan gawe perubahan.

Mohan : oke masuk. Masalahe nopo mawon niki pak?

Pak Heri : pengangguran, kebersihan lingkungan, kesadaran untuk hidup bersih, membuka lapangan pekerjaan, membuat agenda untuk kemajuan desa.

Mohan : muasuk niku, tasek nggeh dikerucutkan mawon masalahnya. Amsalah yang berhubungan kale kesejahteraan ditulis namun mengke digarap sak mantune masalah sing gampang digarap. Kados pengangguran niku, mengke didialogkan kale pembina desa cekne saget sinkron warga lan pembina desa.

Hakiki : masalah pengangguran lan membuka lapangan pekerjaan iku piye?

Kurnia : sek ditulis masalah e sek, engkok solusine ditulisne sisan.

Mohan : iyo seng membuka lapangan pekerjaan iku solusi. Masalah pertama adalah pengangguran, masalah kedua adalah kebersihan lingkungan, masalah ketiga adalah kurangnya agenda warga untuk meramaikan desa.

Hakiki : terus gawe solusi ngono a?

Mohan : iyo dipikirne bareng-bareng solusine.

Pak Mbing : solusi gawe pengangguran iku ngomong nang pembina desa ben digolekno pelatihan wirausaha opo yopo ngono. Masalah kebersihan lingkungan, kene menfaatne alat-alat opo ae sing onok gawe jogo sampah ben gak buak keleleran. Masalah agenda acara, melok NU ae, golek momen hahahaha

Pak Heri : oh iyo tulisen ki, sing solusi iku mau. Sing solusi gawe kebersihan lingkungan ngene ae, piye carane ben kampung kene dijenguk pengunjung? Kan biasane pengunjung nang isor tok gatau rene.

Pak Gatot : topeng gede ae dekek rene kan mesti podo rene hahaha

Pak Mbing : cangkeme ngawur hahaha

Mohan : haha ampun ngoten pak, sampean mengke diomeng kale topenge, omahe dipindah kene enak-enak teng meriku terose topenge hehehe

Pak Gatot : ikilo onok wong kreasi, pak Imron ahli nyeturum, piye enake mron?

Pak Bambang : iyo percuma lek mung dikei gonan sampah tapi podo gak kanggo.

Pak Heri : iyo, sue-sue engkok dadi gunung sampah ndek kene iki lek opo-opo guak nang kene.

Pak Imron : ndek kene akeh pring, piye enake lek ditugeli?

Mohan : nah manfaatne sumber daya mawon, diengge nopo enake nggeh?

Pak Bambang : digawe kolam opo batas pager ae ben gak digawe buak bensin pesing karo gatot hahaha

Mohan : kolam renang a pak? Angel nganggu tuyone pak hahaha

Pak Mbing : iyo yo diketoki ae di enggo pager.

Pak Heri : mosok dikei pager omah semene, lek pager malah gaenak.

Mohan : enake diengge nopo nggeh?

Pak Heri : saiki lek dikei pager, gak mungkin isok pas kampunge malah sempit.

Pak Gatot : ngene ae, dikei pager nang ngarep semak ae iki lo dikei pageran dowo tapi cilik engkok semake disikati kabeh ben resik, kerja bakti tenanan.

Pak Heri : masuk akalan iku, dikei pageran cilik terus ditanemi kembang.

Mohan : ditanemi jagung, kacang, pohong, lombok.

Pak Bambang : dadi petani neh iki berarti hahaha tapi lek jagung gaisok mas, repot malah longsor soale kene kan dukur. Ngene ae mene ae diresike sek ae masalah dikei pager opo enggak yo delok mene ne maneh.

Pak Heri : kabeh wong-wong diajaki ae. Sing lanang resik-resik, sing wedok gawe kopि ambek jajan.

Pak Gatot : urunan saiki ae, 3000 an masuk a? Gawe tuku rokok, kopи lan jajan.

Pak Bambang : tak uruni iki onok piro yo hmm sek sek, recehanku akeh. 7200, sek nang kantong jaket onok maneh, nyoh mas 9300. Sing liyane bee gelem ngelebihi sak onok e ae ojok ditarget koyok DPR ae senengane narget, masok a rud? Setrum ron.

Hakiki : masuk niku, kulo kale Mohan lan Kurnia kan nggeh warga, urunan sisan. Jadi besok langsung bersih-bersih suket kale kerja bakti nggeh? Jam pinten niki benjeng?

Kurnia : cateten sek ae ki. Mene tak pacule kabeh, awak terahe petani eh haha

Pak Bambang : sampean gawekno tulisan ngene mas, Kerja Bakti bersih suket teki gawe omahe bareng-bareng cek resik lan endah. Terus templekno ndek kene. Kene tol Sotol njaluk solasine.

Sotol : ndek kantor pak Bang.

Pak Imron : jukuen ta.

Lampiran 10: Jagongan Hari Keenam

Malang, 1 Agustus 2017

Pak Gatot : Her, ayo kelumpukno wong-wong, saiki wis enak rapate, jagong e penak wis resik ngene coy

Pak Heri : iyo masio bengi ketok padang. Awak rasane boyok bos gaiso nyetrum rong dino aku huahah

Pak Gatot : hancuk raimu, gateli eh, mas Mohan saaken sek cilik ojok diomongi ngono ta es haha

Mohan : mboten keringi kulo pak hahaha

Pak Gatot : rabio mas ben ndang isok nyambung obrolan dewasa hahaha

Pak Heri : Rudi rud, celukan bapakmu, ambek Tono. Imron sek ngeseng, langsung beber kene ae Tot karpete. Bahas kebersihan masuk iki seneng ngene iki desoe resik.

Pak Gatot : pak Bang, reneo rapat neh iki. Ipan sampean cangking sisan.

Mas Tono : waduh ayo Jantiwetan sampek isuk maneh, mumpung resik haha

Pak Mbeng : sek tak gawekno kopi soy.

Pak Heri : sampean kok sergep men mas? gak pegel a mas Kur?

Kurnia : ancen nang omah tani kulo pak, ngeten niki mpun biasa kulo.

Pak Gatot : otot kawat tulang besi haha jane lek resik ngene ditanduri opo ae isok yo? Mene tak colongno pohong nang dukur yo? Pangan terus tandur kayune.

Pak Heri : mene tuku bibit lombok ae masuk.

Mohan : rencang kulo, ketua kelompok benjeng bade maringi bibit terong, lombok kale sawi pak. Masuk ditandur teng meriki sedanten.

Pak Heri : mene ngarep omahku tak tukukno kembang ae, nang splindid larang gak yo kembang-kembang hias ngono kae?

Pak Gatot : ayo ron, rene loh. Mene aku tak nyolong her kembang e RT kan akeh haha kene wong ruwet e.

Pak Imron : wes resik yo? Kenek gawe camping ngene iki. Menerima wisata kemping hahaha

Pak Bambang : Tono seneng, masio sering melba melbu omah wayahe kerja bakti pokok melok yo Ton.

Mas Tono : wayah kerjo kerjo, kesel leren yo nyetrum haha

Pak Gatot : tapi enak yo masio Jagongan ngene sepi ketoke tapi wayah agenda kabeh melok. Mas Andik bojone Yuli iku gak tau melok kumpul tapi melok nyandak langsung eh.

Pak Heri : sing kumpul mek wong siji ro lu pat mo nem pitu tapi wayah garap wong piro wingi? 20 ae onok koyoke

Rudi : wong 19 pak. Wong wingi buka rokok sekali buka wes entek eh. Seng gak rokokan aku ambek sotol, pas wis 16 sijine joinan haha

Pak Bambang : haha lucu yo isok podo sergep. Tak pikir sedino mari, tibakne rong dino dewe ngene iki.

Pak Imron : saiki manfaatne pring ae mas Mohan. Eman gak kanggo malah godonge lek kakehan isok-isok garai kotor maneh.

Pak Heri : bendino disapu ae gantian. Engkok tak nyele selang nang dinas seng dowo biru iku loh, ben sore siram-siram sak blok ben gak debu.

Pak Andik : iki Tot pring diketoki digawe pager cilik tapi dowo ben gak iso melbu kono sampahe. Arek-arek cilik ben gak buak bungkuse jajan ndek kono. Ambek dikandani kalem-kalem ben gak dolen nang kono. Lek digae dolen malah rusak kabeh engkok tanduranane mene lek wes dikei tanduran.

Pak Bambang : rencanae nanem opo ae? Lombok ae aku due bibite akeh nang Sukun. Mene ayo terno aku jukuk. Sak ember lombok sak ember tanduran hias, engkok disebar.

Pak Heri : koncomu sido ngei bibit ta han?

Mohan : sios terose benjeng pak. Mengke tak tumbasne sisan urunan kale kelompok ben warga gak abot-abot nemen. Saget damel mikir lintune.

Pak Imron : iyo mene ae diketoki pring-pring iki. Digae pager di cat terusan. Aku due cat akeh wingi nemu nang sampah.

Mohan : loh cat nemu to pak?

Pak Gatot : Imron tangane kreatif, ojo kuatir mas. Terahe bekas maling haha

Pak Imron : Matamu cok, maling teriak maling hahaha

Pak Heri : iyowes ngono sek ae.

Mas Tono : kerja bakti neh mene?

Pak Andi : iyo Ton, gawe pageran.

Mas Tono : aku due topeng cilik sak lusin bee onok, templekno sisan masuk koyoke.

Pak Imron : masuk, lek kurang yo gawe maneh. Mene tak temukne bahane hahaha.

Pak Heri : haha gateli, pengen apik gak bondo kene iki, cok cok hahaha.

Pak Gatot : iki loh ron bee gelem ngomong nang Kung dee due sisa bahan akeh jane. Kan biyen pas pelatihan gawe topeng bahane nang Kung kabeh.

Pak Imron : alat cetake onok ta? Bahane tok yo percuma ho.

Mas Tono : yo gawe dewe ae alate. Teko plastik atau silikon. Lek gak yo nyele Sotol. Dee kan nang mestine due nang toko e.

Pak Heri : iyo ta? Sek tak jalukne nang Kung bee onok.

Mas Tono : Tol Sotol reneo diluk.

Pak Imron : iyo reneo tol diluk.

Sotol : lapo mas Ton?

Mas Tono : he iki lo wong-wong ate renovasi lingkungan, jangkrik koyo opo ae haha, lah butuh topeng-topeng cilik tol

Sotol : waduh topeng ndek toko di dol mas, aku setoran iku. Topeng yowes itungan jangkep.

Pak Imron : loh gak jaluk topengmu tol.

Mas Tono : topeng e engkok gawe dewe tol. Kene mek nyele cetakan e tok. Sing teko silikon ikuloh.

Sotol : waduh gak wero aku pak Im.

Mas Tono : ojo pelit ta es, gawe apike kampung iki es. Guduk gawe pribadi.

Sotol : aku gak enak karo mas Udin mas.

Pak Imron : he Tol, nyeleh tok diluk gawe nyetak. Mene dibalekno.

Sotol : temenan yo? Lek rusak diganteni yo? Engkok pas koyok ikonane mari nyele alat dirusakne gak diganti.

Pak Imron : hancuk, pelit men, gausa wes Tol sakmene ae.

Mohan : ngene mas Sotol, kene nyele engkok lek rusak aku sing ganti. Piye? Alat topeng sing cilik.

Sotol : oh iyowes sek tak jekekne.

Pak Heri : kari sitik bos, paling mek iso gawe 10 iki pokok cilik-cilik

Pak Gatot : gapopo wis, sek alate dijekekne ambek Sotol.

Pak Bambang : kene gowo rene tak atasane kene.

Pak Imron : ayo ndang di gas ndang nyetrum.

Pak Heri : cangkemmu hahaha.

Lampiran 11: Jagongan Hari Kesembilan

Malang, 4 Agustus 2017

Mohan : alhamdulillah nggeh saget kreatif ngeten niki. Kulo kadose ketularan pak Imron kale pak Gatot ngeten niki, ketularan kreatif.

Pak Heri : aku yo kreatif bos.

Mohan : jenengan niku inovatif pak Her.

Pak Heri : bedone opo?

Mohan : bentene niku lek kreatif hanya membuat yang ada menjadi mewah, lek inovatif membuat sesuatu yang belum ada.

Pak Gatot : haha gateli gaoleh gak terimo her.

Mas Tono : mas Mohan iki lek di cat warna-warni piye mas?

Mohan : kulo manut. Pripun enaknya nggeh bapak jenderal Bambang?

Pak Bambang : iyo aku due cat warna abang tok tapi.

Pak Heri : masuk iku, aku due warna putih.

Pak Imron : tak uruni cat putih. Dadi engkok seling telung worno.

Pak Gatot : tapi koyoke kurang yo. Kurang akeh wit-witane.

Pak Heri : yo tuku es.

Pak Gatot : he mas Mohan, mene melok aku njukuk kembang nang omah nomer siji yo?

Mas Mohan : ampun njupuk gadahe tiyang toh pak.

Pak Gatot : loh ora, ndek sebelaha omah nomer siji iku onok kembang sumbangane dinas mas. engkok dicabut sing kelebihan tandur kene maringono.

Pak Heri : masuk, Gatot ncene kreatif haha

Pak Bambang : lah ngene iki enak yo. Pak Heri brewok melok kumpul pisan. Masio Mbing wayah moleh onok gantine haha

Pak Heri Brewok : hehehe iyo wingi aku pegel eh masalahe kompake kene gak onok sak durunge onok *Jantiwet* haha sepurane yo saiki aku melok anggota tetap *Jantiwet* hahaha

Pak Imron : santai wae bang Her, pokok saiki podo ngumpul.

Hakiki : masuk berarti *Jantiwet* iki yo. Tapi kiro-kiro lek aku ambek Kurnia lan Mohan wis mari PKL e, opo *Jantiwet* isok tetep lanjut?

Pak Gatot : yo emboh maneh. Pokok rukun ngene yo isok.

Pak Heri Brewok : digawekno struktur ae. Kabeh dadi ketuane, masuk a? Haha

Pak Imron : yo pungkasane gawe apike dewe mosok jagakno mahasiswa tok?

Mohan : nggeh, lah wong kulo kale Kurnia lan Hakiki mung ewang-ewang program sing dibentuk kale sedantene tiyang blok kulon deso pak.

Pak Bambang : sampean rabi karo Khofifah arek isor ae mas haha engkok lak neng kene terus, ga pisah-pisah haha

Mohan : Kurnia to pak?

Kurnia : ojo ngawut haha

Pak Heri Brewok : iyo Kurnia iki cocok wes hahaha eh mene yopo iki? Sido nge cat ta? Lek onok lebihne cat e di kanggo gambar tembok omah-omah e kabeh ae.

Mas Tono : lek e sak deso yo wegah pak.

Pak Heri Brewok : palur men sak deso, blok kene ae. Engkok wong isor ambek wong kidul lak bakale niru lek wes eroh hasile.

Pak Imron : iki sek ae dimarekno bos.

Pak Heri Brewok : iyo iki dimarekne. Engkok lek onok sisane ron, gak saiki pisan. Pokoke fungsi sing digarap kene teroptimalkan ae. Koyok pager taman iki lak dipasang ben warga gak buak sampah sembarang. Aku mas Han, ketbiyen pengen nyadar bersih tapi kok liyane ora. Aku gak nyalahne wong, lah aku dewe yo kemproh, buak sampah sembarang. Saiki lek wes apik ngene pirang-pirang dino iki aku yo buak sampah nang panggone. Arek-arek cilik yo gak buak sampah es nang kono. Podo jogone ae ben podo resik ben podo apik. Lek kene apik, pengunjung bakale lewat kene. Selain iku yo cek gak dadi sarang nyamuk ambek kewan-kewan sing garai penyakit.

Pak Imron : iyo dijogo bareng ae saiki. Gatot iki anake gering. Piye wes waras a Tot?

Pak Gatot : wes mudun panase.

Pak Imron : yowes ayo saiki turu, jogo tenogo ben mene iso tangi isuk. Nempleki topeng sisane ambek ngecat pager. Ben kelakon kabeh. Mene tak gorengno tahu krispi, aku onok bahane. Kopi rokok panggah urunan yo?

Mohan : injeh masuk niku.

Pak Heri : aku tak nyetrum sek ae hoo haha

Pak Gatot : pancet ae raimu her her haha

Pak Heri Brewok : mas Mohan rabio mas ben iso nyetrum haha

Mohan : kulo gampil pak, ngerantosi Hakiki kale Kurnia kale mas Tono rabi sepinda haha

Mas Tono : sampean ngomong rabi maneh nang morotuo ku mas, gappleki haha

Pak Heri Brewok : haha isok ae sampean iku.



Lampiran 12: Jagongan Hari Kesepuluh

Malang, 8 Agustus 2017

Mohan : Loh Pak Gatot, mboteng jagongan maleh?

Pak Gatot : iyo ojo bendino mas. sak kumpule ae. Mau wis podo kesel ngecat pager. Saiki wayahe nyetrum haha.

Mohan : haha enggeh seh.

Pak Gatot : mandar mugo iso awet *Jantiwet* e. Lek aku delok teko semangate wong-wong iku koyoke isok melaku terus *Jantiwet* iki mas. Mau wis tak jupukno nang isor kembang hiase. Iki reneo ta sampean delok, tak bagi nang kabeh lemah, roto lek ngene.

Afa : lah niki e pripun pak? Kulo beto babit lombok, sawi, terong kale lombok sing ageng. Nandur ngeten niki kedahe teng lemah sing mboten sepirekng kesiram tuyo. Mergane niki kan tanduran lemah. Kulo nate nandur ngeten niki. Pun dangu namung gagal. Lah kolowingi kulo nyobi nandur namung kulo akali, kulo salap teng lemah sing mboten sepirekng kesiram toyo. Nggeh alhamdulillah sakniki sampun tukul pak.

Mohan : dibagi mawon mas, di petakne riyen mantun niku lek wis tukul di bagi teng sedanten lemah ajeng griyo blok barat niki.

Pak Gatot : dekek nang ngarep omahe Imron ae. Iku lak sek kosong. Barekan selang banyu cedek nang gone Imron. Dee yo ngeramutan. Teliti. Jane wong iku sangar loh. Isok sembarang kaler.

Mohan : nggeh pak Gatot, benjeng mawon Kurnia niki sing ngatur. Mergane dee kan petani, ben saget manfaat ilmu tanine teng meriki huahah

Kurnia : di kotakno sek ae, tak paculane mene. Gampang wis.

Pak Gatot : saman iso main remi mas Afa?

Afa : saget, lek Mohan niki mboten saget.

Pak Gatot : Mohan bagian nyatet ae wes hahaha.

Mohan : siap pak Tot. Oh nggeh pak, niku warga blok kidul bade damel acara nopo kok ngetoki pring?

Pak Gatot : haha mau isuk aku ketemu Kung. Kung iku sing dituwekno ndek kene. Dee kan ndek kidul, jarene warga kidul gak gelem kalah ambek warga kulon. Diresiki kabeh, podo ambek kene. Maringene kan warga isor yo kepingin. Akhire iso nyambung kabeh terus dirangkul nang *Jantiwet*. Kabeh ketularan virus apik. Siapa dulu? Gatot haha

Kurnia : mandar mugo isok melok *Jantiwet* kabeh terus gae agenda anyar sing iso ngerubah kondisi awal dadi luwih apik.

Pak Gatot : ndek kene iku gaiso dipekso. Kabeh perintahe dinsos ae menter gawe warga. Onok e lek kegiatan sing menghasilkan uang dan makanan kene baru gelem. Masalahe wong dinas gak gelem ngobrol koyo wingi.

Mohan : berarti kedah derek *Jantiwet* sisan nggeh tiyang dinas? Haha

Pak Gatot : iyo, ben podo gak ruwet haha

Lampiran 13: Jagongan Hari Kedua Belas

Malang, 9 Agustus 2017

Pak Imron : babit sing wingi koyoke gak bakal cukul eh. Gak onok udan terus gaoleh disiram akeh.

Pak Gatot : ora, ancene kudu ngono.

Pak Imron : mosok?

Pak Gatot : iyo mron, iku soale sek cilik. Gak kuat nompo banyu akeh sekan. Iki aku mari njukuk pohong nang dukur. Ketokono mron resikono sek tak jukukno kayu gawe bakar-bakar.

Pak Heri : mau Gatot tak takoni, nyolong pohong maneh ta? Jarene ora, aku mek memanfaatkan sumber daya alam sing onok. Haha gateli ancene Gatot.

Pak Gatot : lah wong nganggur her, eman haha

Pak Heri : iki lampu lampion yo njukuk nang gerdu isor, ampun pokoke ambek Gatot.

Pak Gatot : bang Her, ikilo pohong bakar-bakar bang hehehe aku lek kadung pegel, sue-sue gardune tak junjung rene her haha

Pak Heri Brewok : waduh kok malah acara iki? Sek tak jukukno ladeng gawe ngoncek pohong. Iki onok iwak leleku, beleh sisan wis haha

Pak Heri : masuk, gowo rene bang.

Pak Imron : terus kayune pohong diapakno Tot?

Pak Gatot : ditandur ndek kene ae. Ben tamane rame. Lek rame kan tambah apik.

Mohan : sikluse benten nggeh pak? Biasane kan nandur riyen terus manen, lah jenengan manen riyen terus nandur?

Kurnia : ahaha iyo sangar pak Gatot iki.

Pak Heri Brewok : iki mas, lek bendino ngene enak, kampunge rame. Mene gawe agenda maneh mas. Tiap sebulan sekali kerja bakti desa. Biasane kan nang deso onok kegiatan sedekah bumi, lah ndek kene diadakno pisan ae. Sedekah bumi kabeh warga gowo panganan sak onoke, iso teko tanduran sing ditandur iki terus mangan bareng. Tapi sedurunge yo kerja bakti. Lek isok sak deso. Tapi dimulai teko blok e kene disek ae.

Pak Heri : iyo ben kordinator isor melok delok kegiatane kene, sopo ero gelem gerakno wargane. Ndek kene koyoke gak kanggo blas, gaiso gerakno wargane.

Pak Heri Brewok : gausah bahas iku her, wong kan dewe-dewe.

Mohan : nggeh pun leres niku, masalah kegiatan kersane saget niru teng meriki. Masalah kordinator boten gerak niku mboten saget disalahne sepihak. Pokokne warga blok kulon saget kompak, mengke kan saget dados contoh kangge lintune.

Pak Gatot : jarno wis, iki ae pangan. Ayo bang ojo ngaleh sek.

Pak Heri Brewok : iyo tak incip terus tak tinggal nyusul nyonya hahaha

Pak Imron : saose her ndang diulek.

Pak Heri : iki onok saos putih, gelem ta?

Pak Imron : matane aku yo due lek iku haha

Pak Heri Brewok : tak tinggal nyusul sek yo, nyonya oh nyoya hahaha

Pak Gatot : iyowes ati-ati bang.

Pak Heri Brewok : oyi, ayo tak tinggal sek, ketoprakeek!

Pak Gatot : senenge rek wong iku. Biyen gatau gelem kumpul. Pak Heri Brewok ditukari karo Heri Tahwa.

Akhire dee mutung.

Pak Heri : salahe mayak haha

Mohan : masalahe nopo pak kok saget tukaran?

Pak Gatot : emboh, masalah proyek. Jane akeh masalahe. Wong e iku gaiso ditolak. Semua pendapate kudu dilakoni. Lek engga yo mutung. Mangkane saiki mumpung onok *Jantiwet* cek isok dadi wadah kabeh warga mengutarakan pendapate.

Mohan : nggeh amin, mandar mugi saget dados manfaat silaturrahmi, kerukunan lan kebersihan deso kados ngoton niki.

Pak Gatot : iyo her, kene kudu jogo her. Opo maneh wis onok gerakan ngene iki. Gausa ditukari.

Pak Heri : lah pokoke gak gateli yo gak tukari.

Pak Imron : westalah, gausah berteman, bertengkar aja. Haha

Mohan : nggeh pak Her jenengan kan sing waras, kadose dawuhe simbah Bambang, sing waras ngalah.

Hahaha pak Im, mengke bibite niku lek sampun cukul sampean roto ne mawon kados rencane pak Gatot, diratakne teng taman niki. Mengke kan lek panen cekne sami ngeraosaken raose taman niki.

Pak Gatot : iyo, saiki wis bersih kampunge, lek bersih ngene, gaenek kuman sing gowo penyakit. Kan kuman iku teko urip kemproh ya? Mangkane ayo do jogo, do noto kebiasaan sing apik.

Pak Imron : siap ndan, kudu dijogo tenanan ben gak gampang penyakiten, wes melarat, loro sisan, kan gak masuk hehe.

Pak Heri : mene gawe agenda opo maneh iki?

Pak Gatot : gausa banter-banter ho, sing onok sek diramut. Tanduran iki kudu kebek. Alon-alon.

Mohan : oh nggeh pak, selama kegiatan *Jantiwet* sing sampun menghasilkan taman niki, kurange nopo nggeh kinten-kinten?

Pak Heri : kurange bondo mas haha

Pak Gatot : kurange iku sitok, apresiasi teko dinas. Lek dinas apresiasi, wong-wong mesti luwih semangat jogo.

Pak Imron : gausa diarep iku bos, lah wong kene ngelakoni gawe kampunge dewe.

Pak Heri : sing kurang iku yo jeding iku mas kudu diresiki, ditukukno kran anyar sing rusak terus seng buntu wc ne dikuras.

Pak Gatot : bener sarane bang Heri mau, digawe kerja bakti. Seng due jeding kan kabeh sak blok kene, yo kudune kerja bakti bareng.

Pak Heri : ayo wis, kapan enake?

Pak Imron : dipas ne pas Agustusan ae. Serangkaian acara memperingati HUT RI. Diadakne lomba, kerja bakti terus baca doa bersama.

Mohan : masuk niku, Hakiki, siap dicatat iki.

Hakiki : gantian, Sotol ae, ben kebiasa haha

Sotol : sek mas tak jupukno buku ben tak cateti agenda mene-mene sisan.

Sotol : opo ae iki agenda?

Pak Imron : Lomba tol, opo ae enake yo?

Pak Gatot : maceme lomba ngkok ae dirapatno ambek wong isor pisan.

Pak Heri : kesuen Tot, langsung ae. Engkok peserta lomba cek dirangkul kabeh, warga sak deso.

Pak Imron : yowes mumpung onok mas Mohan lan kanca-kancane sing PKL, cekne mahasiswa wae sing ngatur lombane.

Mohan : nggeh mengke cek dibahas kale lare-lare. Sekalian terose bu Kus, dinas bade nyumbang hadiah damel sing juara. Sakniki dibahas waktune mawon. Lomba e saget 5 hari, Senin sampai Jumat, Sabtu kale Minggu kulo kale lare-lare kados biasane. Mudun teng ngandap kampus kangge damel laporan kegiatan teng Dosen. Senin ajenge baru diadaken kerja bakti. Terus upacara, pripun?

Pak Gatot : masok.

Pak Heri : masuk iku, setuju nemen aku.

Pak Imron : hajar wis.

Pak Heri : sek tak jukukno kalender.

Kurnia : niki mawon teng hp enten pak. Kalender Agustus. Sek, sekedap. Lah niki tanggal 17 niku pas dino Kamis. Berarti lomba e Senin tanggal 7 sampek Jumat tanggal 11. Ngkok doa bersama nyusul karo kerja bakti.

Pak Gatot : seh deloki. Oh iyo, kerja bakti dino selosone ae tanggal 15, engkok tanggal 16 doa bareng nang Musholla, tanggal 16 bengi. Tanggal 17 e upacara.

Mohan : siap, mengke warga lintune dikempalne sisan, damel agenda *Jantiwet* mawon, pripun?

Pak Gatot : iyowes, mene ae dikumpulno terus dibahas bareng. Engkok aku sing ngomong, opo jareku wes.

Lampiran 14: Jagongan Hari Ke Enam Belas

Malang, 12 Agustus 2017

Pak Bambang : Mas, iki hadiahe kapan dikekno?

Hakiki : nggeh mengke pas penutupan tanggal 17 niku pak.

Pak Heri Brewok : kurang asik jane lek mek lomba-lomba. Gaiso dinikmati kabeh kalangan.

Kurnia : kan enten klasifikasi usia lomba pak Her.

Pak Heri Brewok : iyo mas paham, Cuma gaonok wayah sing isok nyatukno warga kabeh. Mosok lomba tok. Opo ngono gawe terobosan baru. Masalah teknis, cekne kelompok Mahasiswa laine kelompoke sampean ae ben dee due agenda kegiatan. Kene kan bagian nyumet kompor. *Jantiwet* sing mercikno geni, jarno engkok kobonge bareng. Kene mikirno agenda liyane ae.

Pak Bambang : iyo mas, *Jantiwet* memberikan sesuatu yang baru mas. Piye enake Mron?

Pak Imron : yaopo lek sisane pring iki digawe gapuro? Sing tak delok ndek isor iku, wong-wong pengunjung bakalan tertarik melbu lek onok gapurone.

Mohan : masuk iku. Tapi maksud pak Heri niku damel acara kegiatan sing saget diraosaken kale sedanatene tiyang teng deso meriki pak Mron.

Pak Imron : iyo paham, acara opo terusan?

Kurnia : acara panggung ae engkok ngundang penyanyi.

Pak Heri Brewok : jane minat aku, tapi lek panggungan, dana e siap ta mas?

Kurnia : lah niku masalahe haha

Mohan : acara pas 17 Agustusan niku nyambi bagi-bagi aken hadiah. Tapi nggeh damel acara nopo nggeh?

Pak Mbina : timbang repot-repot gawe acara sing heboh, mending kene ngadakno Upacara ae yaopo? Ikiloh lakone. Tot Gatot, ndang merene. Te gawe agenda maneh iki. Ayo sikat wes haha

Pak Gatot : anyar maneh? Ayo agenda opo?

Mohan : pak Mbina ngestuaken pendapat pak Heri Brewok damel acara sing saget dinikmati kale semua kalangan, tua dan muda. Akhire terjadilah rumus membuat agenda upacara desa.

Pak Gatot : seragame piye?

Pak Heri Brewok : kemenyekmu Tot, gawe daster sing wedok, seng lanang gawe sarung. Lak beres.

Mohan : masuk akal niku, hajar wis pripun?

Pak Gatot : lah lomba-lombae piye?

Mohan : mengke dibagi pak kale anggota *Jantiwet* kelompok PKL sing lintune.

Pak Imron : loh emange kelompok PKL liyane wis melbu *Jantiwet*? Kapan onok perekutan anggota?

Mohan : terose *Jantiwet* milik bersama?

Pak Gatot : iyowes lek ngono masuk iku. Ben iso bagi tugas.

Pak Mbina : jane lek onok kegiatan bendino ngene ayas yo kerasan ho. Masio ga nyambut gawe pokok onok aktivitas gak koyok wingi, sepi koyo kuburan haha

Pak Heri Brewok : iyo, lek ngene masio kegiatane gak sepiro, hasile ikuloh gaiso diremehno. Deso bersih, warga rukun. Terus agenda upacara iku mau piye enake mas Mohan?

Mohan : nggeh manut, lek mangke sios, kulo konsep aken acaranipun.

Pak Mbina : sampean konsep mas, mene isuk jam 8 podo tangi yo bahas Upacara sak deso ngkok tak kumpulno kabeh. Kumpul nang gone Pujasera.

Mohan : nggeh pun lek ngoton kulo tak ngonsep riyen kale lare-lare niki.

Pak Heri Brewok : iyowes tak turu mas, sampean ajaken Sotol, Rudi, Tono ikulo ben gerak kabeh. Tapi ojok dalu-dalu saman lek oleh turu ben gak keawanen.

Pak Imron : ayo aku tak melok sisan. Ben aku melok enom hahaha

Pak Gatot : keenomen lek koen Mron haha

Pak Mbina : wes yo setuju kabeh yo?

Pak Heri Brewok : setuju wis.

Lampiran 15: Kumpulan Fakta Proses Intervensi

1. gak jijik saman dek kene? Jedinge kemproh, ambune pesing. ojoko jeding. Sampean majuo ta nango suket iku, lak pesing. Padahal ndek kene iki omah gawe istirahat, malah garai gak kerasan. Aku mending balek nang Sukun mas (JG2 35,36,37).
2. Ngene iki enake kerja bakti mas (JG2 41).
3. lek saman tok ngerisiki mas, enak sing liyane laan? (JG2 42).
4. sopo sing gelem kerja bakti, paling sing kerjo yo ika iku ae. Ndek kene gae rukun ae angel mas. iri-irian tok isine (JG2 45,46).
5. kene iki kampung ruet mas (JG2 47).
6. Duek gawe kerja bakti mudun terus. Gara-gara Heri biyen meroyeki sedot WC nang jeding iko (JG2 48,49).
7. ngene mas, kan WC ne buntu, terus bu Kus iku ngomeng. Akhire jare Heri timbangane saman nyelok tukang sedot WC, mending dueke sampean kekno aku buk tak ngajak warga liyane gawe nyedot WC. Akhire aku, mas e Ipan, Bambang, pak e Kholifah, Kung, ambek Heri mas sing nyedot WC. Jane Heri wis keliru merekrut anggota, lah wong isor gak diajak ambek dee. Jane aku gak gelem, tapi tak delok peluang mas, anakku yo lagi butuh seragam sekolah. Akhire aku gelem. Maringono WC digarap, mari sedinoan. Lah bengine Heri iku hubungi bu Yuyun. Dee due nomere dinas sopo wae mas. Gak sopan jane dee opo-opo mesti lapor langsung nang Bu Yuyun. Masalah cilik, langsung lapor. Opomane bojone iku. Gateli sak bojoan iku. Lah dee ngirim WA nang bu Yuyun jarene WC wis mari disedot. Posisine iku dino Sabtu bengi mas. Bu Yuyun wis janjeni dino senin. Eh Heri WA ngene, buk, kalau tidak dibayar malam ini, orang Madura yang ada dibawah desa akan marah karena dia bekerja keras tapi uangnya tidak dibayar. Langsung bu Yuyun ngekno duek dino Minggune ambek ngomel mas. Perjanjian awal ngajak warga deso malah deso sebelah sing dilapori Heri kerjo nguras WC. Dee iku gak sabaran. Karepe dewe. mangkane saiki bu Yuyun agak loro ati mas mari di ngonokno ambek Heri (JG2 51,52,53,54,55,56,57,58,59,60,61).
8. yowes gak percoyo mas bu Yuyun saiki. akhire ngene iki imbase bu Yuyun gak bakal dukung acara kerja bakti (JG2 66,67).
9. Pokoke lek terimo wong kene ae gampang kabeh mas, opo jare aku (JG2 81,82)
10. Mumpung onok warga anyar, ayok noto bareng kampung blok kene ben iso dadi contoh gawe blok liyane. Pokok syarat utamane kudu kompak. Ben muara e jelas lan iso digugu lan ditiru (JG3 18,19,20)
11. lek masalah e akeh mas, isok-isok sampek mene gak mari hahaha koyok pengangguran, kebersihan, gak akur podo tonggo, gak peduli nang liyane, gak kompak (JG3 27,28)
12. iyo ngene ae, kene gawe wadah disek gawe jagongan ben isok bendino diomong (JG3 30)
13. wadah gawe pemuda (JG3 34)
14. iyo gawe grup ae, koyo komunitas (JG3 35)
15. ojo komunitas, kurang akrab engkok. Paguyuban ae (JG3 36)
16. masuk, paguyuban wbs (JG3 37)
17. paguyuban Jantiwet, Jagongan Anti Ruet. Ben ngilangno ruet-ruet sing onok (JG3 38)
18. masalah jagongan ngene bendino isok-isok ngurangi dampak gak akure podo tonggo. Pelan-pelan podo kumpul (JG3 39,40)
19. Koyok Mas Andik iki wingi gaonok, saiki melok kumpul (JG3 40)
20. masuk iku, jagongan anti ruwet. Dadi engkok saben jagongan bahas masalah terus bahas solusi (JG3 41,42)
21. masalah pertama banyak warga tidak akur. Masalah kedua kebersihan lingkungan yang belum sadar untuk warga merawat lingkungannya. Pengangguran. Sarana prasarana. Tapi masalah keakraban gausa dibahas, diagwe jagongan bendino diajaki ngeneki lak waras-waras dewe (JG3 45,46,47)
22. pokok nang kampung iki gawe gebrakan lan gawe perubahan (JG3 49,50)
23. pengangguran, kebersihan lingkungan, kesadaran untuk hidup bersih, membuka lapangan pekerjaan, membuat agenda untuk kemajuan desa (JG3 52,53)
24. solusi gawe pengangguran iku ngomong nang pembina desa ben digolekno pelatihan wirausaha opo yopo ngono. Masalah kebersihan lingkungan, kene menfaatne alat-alat opo ae sing onok gawe jogo sampah ben gak buak keleleran. Masalah agenda acara, melok NU ae, golek momen (JG3 65,66,67)
25. iyo percuma lek mung dikei gonan sampah tapi podo gak kanggo (JG3 77)
26. sue-sue engkok dadi gunung sampah ndek kene iki lek opo-opo guak nang kene (JG3 78)
27. ndek kene akeh pring, piye enake lek ditugeli (JG3 79)

28. digawe kolam opo batas pager ae ben gak digawe buak bensin pesing karo gatot (JG3 81)
29. yo diketoki ae di enggo pager (JG3 84)
30. dikei pager nang ngarep semak ae iki lo dikei pageran dowo tapi cilik engkok semake disikati kabeh ben resik, kerja bakti tenanan (JG3 88,89)
31. masuk akalan iku, dikei pageran cilik terus ditanemi kembang (JG3 90)
32. Ngene ae mene ae diresike sek ae masalah dikei pager opo enggak yo delok mene ne maneh (JG3 93,94)
33. sampean gawekno tulisan ngene mas, Kerja Bakti bersih suket teki gawe omahe bareng-bareng cek resik lan endah. Terus templekno ndek kene (JG3 103,104)
34. saiki wis enak rapate, jagong e penak wis resik ngene coy (JG6 2,3)
35. Bahas kebersihan masuk iki seneng ngene iki desoe resik (JG6 10)
36. jane lek resik ngene ditanduri opo ae isok (JG6 16)
37. mene tuku bibit lombok ae (JG6 18)
38. mene ngarep omahku tak tukukno kembang ae (JG6 21)
39. wes resik yo? Kenek gawe camping ngene iki. Menerima wisata kemping (JG6 25)
40. Tono seneng, masio sering melba melbu omah wayahe kerja bakti pokok melok yo Ton (JG6 26,27)
41. tapi enak yo masio Jagongan ngene sepi ketoke tapi wayah agenda kabeh melok. Mas Andik bojone Yuli iku gak tau melok kumpul tapi melok nyandak langsung eh (JG6 29,30)
42. wayah garap wong piro wingi? 20 ae onok koyoke (JG6 31,32)
43. wong 19 pak (JG6 33)
44. Tak pikir sedino mari, tibakne rong dino dewe ngene iki (JG6 35,36)
45. saiki manfaatne pring ae mas Mohan. Eman gak kanggo malah godonge lek kakehan isok-isok garai kotor maneh (JG6 37,38)
46. bendino disapu ae gantian. Engkok tak nyele selang nang dinas seng dowo biru iku loh, ben sore siram-siram sak blok ben gak debu (JG6 39,40)
47. iki Tot pring diketoki digawe pager cilik tapi dowo ben gak iso melbu kono sampaha. Arek-arek cilik ben gak buak bungkuse jajan ndek kono. Ambek dikandani kalem-kalem ben gak dolen nang kono. Lek digae dolen malah rusak kabeh engkok tandurane mene lek wes dikei tanduran (JG6 41,42,43,44)
48. Lombok ae aku due bibite akeh nang Sukun (JG6 45)
49. iyo mene ae diketoki pring-pring iki. Digae pager di cat terusan. Aku due cat akeh wingi nemu nang sampah (JG6 50,51)
50. kerja bakti neh mene? (JG6 56)
51. iyo Ton, gawe pageran (JG6 57)
52. aku due topeng cilik sak lusin bee onok, templekno sisan masuk koyoke (JG6 58)
53. , lek kurang yo gawe maneh. Mene tak temukne bahane (JG6 59)
54. iki loh ron bee gelem ngomong nang Kung dee due sisa bahan akeh jane. Kan biyen pas pelatihan gawe topeng bahane nang Kung kabeh (JG6 61,62)
55. yo gawe dewe ae alate. Teko plastik atau silikon (JG6 64)
56. iki lo wong-wong ate renovasi lingkungan (JG6 70)
57. Lah butuh topeng-topeng cilik tol (JG6 70,71)
58. waduh topeng ndek toko di dol mas, aku setoran iku. Topeng yowes itungan jangkep (JG6 72)
59. loh gak jaluk topengmu tol (JG6 73)
60. topeng e engkok gawe dewe tol. Kene mek nyele cetakan e tok. Sing teko silikon ikuloh (JG6 74)
61. nyeleh tok diluk gawe nyetak. Mene dibalekno (JG6 78)
62. ndek sebelah omah nomer siji iku onok kembang sumbangane dinas mas. engkok dicabut sing kelebihan tandur kene maringono (JG9 19,20)
63. lah ngene iki enak yo. Pak Heri brewok melok kumpul pisan. Masio Mbing wayah moleh onok gantine (JG9 22,23)
64. iyo wingi aku pegel eh masalahe kompake kene gak onok sak durunge onok *Jantiwet* haha sepurane yo saiki aku melok anggota tetap *Jantiwet* (JG9 24,25)
65. rukun ngene yo isok terus apik kampunge (JG9 29)
66. digawekno struktur ae jantiwet e (JG9 30)
67. yo pungkasane gawe apike dewe mosok jagakno mahasiswa tok (JG9 31)
68. Lek onok lebihne cat e di kanggo gambar tembok omah-omah e kabeh ae ben gak ketok serem omahe gaenek cat e. Lek murup kan iso ketok malah apik, mendukung kebersihan (JG9 38,39, 40)

69. plaur men sak deso, blok kene ae. Engkok wong isor ambek wong kidul lak bakale niru lek wes eroh hasile (JG9 42,43)
70. iyo iki dimarekne. Engkok lek onok sisane ron, gak saiki pisan. Pokoke fungsi sing digarap kene teroptimalkan ae. Koyok pager taman iki lak dipasang ben warga gak buak sampah sembarangan. Aku mas Han, ketbiyen pengen nyadar bersih tapi kok liyane ora. Aku gak nyalahne wong, lah aku dewe yo kemproh, buak sampah sembarangan. Saiki lek wes apik ngene pirang-pirang dino iki aku yo buak sampah nang panggone. Arek-arek cilik yo gak buak sampah es nang kono. Podo jogone ae ben podo resik ben podo apik. Lek kene apik, pengunjung bakale lewat kene. Selain iku yo cek gak dadi sarang nyamuk ambek kewan-kewan sing garai penyakit (JG9 45,46,47,48,49,50,51)
71. yowes ayo saiki turu, jogo tenogo ben mene iso tangi isuk. Nempleki topeng sisane ambek ngecat pager. Ben kelakon kabeh. Mene tak gorengno tahu krispi, aku onok bahane. Kopi rokok panggah urunan yo (JG9 54,55,56)
72. iyo ojo bendino mas. sak kumpule ae. Mau wis podo kesel ngecat pager (JG10 3)
73. Lek aku delok teko semangate wong-wong iku koyoke isok melaku terus *Jantiwet* iki mas (JG10 6,7)
74. bibit iku dekek nang ngarep omahe Imron ae. Iku lak sek kosong. Barekan selang banyu cedek nang gone Imron. Dee yo ngeramutan. Teliti. Jane wong iku sangar loh. Isok sembarang kaler (JG10 16,17)
75. mau isuk aku ketemu Kung. Kung iku sing dituwekno ndek kene. Dee kan ndek kidul, jarene warga kidul gak gelem kalah ambek warga kulon. Diresiki kabeh, podo ambek kene. Maringene kan warga isor yo kepingin. Akhire iso nyambung kabeh terus dirangkul nang *Jantiwet* (JG10 26,27,28)
76. ndek kene iku gaiso dipekso. Kabeh perintahe dinsos ae menter gawe warga. Onok e lek kegiatan sing menghasilkan uang dan makanan kene baru gelem. Masalahe wong dinas gak gelem ngobrol koyo ngene iki (JG10 32,33,34)
77. berarti kedah derek *Jantiwet* sisan nggeh tiyang dinas? (JG10 35)
78. iki mas, lek bendino ngene enak, kampunge rame. Mene gawe agenda maneh mas. Tiap sebulan sekali kerja bakti desa. Biasane kan nang deso onok kegiatan sedekah bumi, lah ndek kene diadakno pisan ae. Sedekah bumi kabeh warga gowo panganan sak onoke, iso teko tanduran sing ditandur iki terus mangan bareng. Tapi sedurunge yo kerja bakti. Lek isok sak deso. Tapi dimulai teko blok e kene disek ae (JG12 21,22,23,24,25)
79. Jane akeh masalahe. Wong e iku gaiso ditolak. Semua pendapate kudu dilakoni. Lek engga yo mutung. Mangkane saiki mumpung onok *Jantiwet* cek isok dadi wadah kabeh warga mengutarakan pendapate (JG12 44,45,46)
80. kene kudu jogo her. Opo maneh wis onok gerakan ngene iki. Gausa ditukari (JG12 49)
81. iyo, saiki wis bersih kampunge, lek bersih ngene, gaenek kuman sing gowo penyakit. Kan kuman iku teko urip kemproh ya? Mangkane ayo do jogo, do noto kebiasaan sing apik (JG12 56,57)
82. siap ndan, kudu dijogo tenanan ben gak gampang penyakiten, wes melarat, loro sisan, kan gak masuk hehe (JG12 58,59)
83. gausa banter-banter ho, sing onok sek diramut. Tanduran iki kudu kebek. Alon-alon (JG12 60)
84. sing kurang iku yo jeding iku mas kudu diresiki, ditukukno kran anyar sing rusak terus seng buntu wc ne dikuras (JG12 67,68)
85. bener sarane bang Heri mau, digawe kerja bakti. Seng due jeding kan kabeh sak blok kene, yo kudune kerja bakti bareng (JG12 69,70)
86. dipas ne pas Agustusan ae. Serangkaian acara memperingati HUT RI. Diadakne lomba, kerja bakti terus baca doa bersama (JG12 72,73)
87. kerja bakti dino selosone ae tanggal 15, engkok tanggal 16 doa bareng nang Musholla, tanggal 16 bengi. Tanggal 17 e upacara (JG12 94,95)
88. mene ae dikumpulno terus dibahas bareng. Engkok aku sing ngomong, opo jareku wes (JG12 97,98)
89. kurang asik jane lek mek lomba-lomba. Gaiso dinikmati kabeh kalangan (JG16 4)
90. Cuma gaonok wayah sing isok nyatukno warga kabeh. Mosok lomba tok. Opo ngono gawe terobosan baru. Masalah teknis, cekne kelompok Mahasiswa laine kelompoke sampean ae ben dee due agenda kegiatan. Kene kan bagian nyumet kompor. *Jantiwet* sing mercikno geni, jarno engkok kobonge bareng. Kene mikirno agenda liyane ae (JG16 6,7,8,9)
91. iyo mas, *Jantiwet* memberikan sesuatu yang baru mas (JG16 10)
92. yaopo lek sisane pring iki digawe gapuro? Sing tak delok ndek isor iku, wong-wong pengunjung bakalan tertarik melbu lek onok gapurone (JG16 11,12)
93. timbang repot-repot gawe acara sing heboh, mending kene ngadakno Upacara ae (JG16 21)

94. kemenyekmu Tot, gawe daster sing wedok, seng lanang gawe sarung. Lak beres (JG16 27)
95. jane lek onok kegiatan bendino ngene ayas yo kerasan ho. Masio ga nyambut gawe pokok onok aktivitas (JG16 34,35)
96. masio kegiatane gak sepiro, hasile ikuloh gaiso diremehno. Deso bersih, warga rukun (JG16 36,37)
97. Upacara sak deso ngkok tak kumpulno kabeh. Kumpul nang gone Pujasera (JG16 39,40)



Lampiran 16: Fakta Sejenis Proses Intervensi

<p>Ngene iki enake kerja bakti mas (JG2 41).</p> <p>pokok nang kampung iki gawe gebrakan lan gawe perubahan (JG3 49,50)</p> <p>Masalah kebersihan lingkungan, kene menfaatne alat-alat opo ae sing onok gawe jogo sampah ben gak buak keleleran (JG3 66)</p> <p>dipas ne pas Agustusan ae. Serangkaian acara memperingati HUT RI. Diadakne lomba, kerja bakti terus baca doa bersama (JG12 72,73)</p> <p>kerja bakti dino selosone ae tanggal 15, engkok tanggal 16 doa bareng nang Musholla, tanggal 16 bengi. Tanggal 17 e upacara (JG12 94,95)</p>	<p>Respon terhadap kebersihan</p>
<p>sopo sing gelem kerja bakti, paling sing kerjo yo ika iku ae. Ndek kene gae rukun ae angel mas. iri-irian tok isine (JG2 45,46).</p> <p>kene iki kampung ruet mas (JG2 47).</p> <p>Mumpung onok warga anyar, ayok noto bareng kampung blok kene ben iso dadi contoh gawe blok liyane. Pokok syarat utamane kudu kompak. Ben muara e jelas lan iso digugu lan ditiru (JG3 18,19,20)</p> <p>lek masalah e akeh mas, isok-isok sampek mene gak mari hahaha koyok pengangguran, kebersihan, gak akur podo tonggo, gak peduli nang liyane, gak kompak , tapi emboh maneh lek nyoba sarane Imron, kompak. (JG3 27,28)</p> <p>rukun ngene yo isok terus apik kampunge (JG9 29)</p>	<p>Menjalin kerukunan</p>
<p>iyo ngene ae, kene gawe wadah disek gawe jagongan ben isok bendino diomong (JG3 30)</p> <p>iyo gawe grup ae, koyo komunitas (JG3 35)</p> <p>Paguyuban Jantiwet, Jagongan Anti Ruet. Ben ngilangno ruet-ruet sing onok (JG3 38)</p> <p>masalah jagongan ngene bendino isok-isok ngurangi dampak gak akure podo tonggo. Pelan-pelan podo kumpul (JG3 39,40)</p> <p>masuk iku, jagongan anti ruwet. Dadi engkok saben jagongan bahas masalah terus bahas solusi (JG3 41,42)</p> <p>masalah pertama banyak warga tidak akur. Masalah kedua kebersihan lingkungan yang belum sadar untuk warga merawat lingkungannya. Pengangguran. Sarana prasarana. Tapi masalah keakrabanan gausa dibahas, diagwe jagongan bendino diajaki ngeneki lak waras-waras dewe (JG3 45,46,47)</p>	<p>Pembuatan wadah untuk berkumpul</p>
<p>Gak jijik saman dek kene? Jedinge kemproh, ambune pesing. ojoko jeding. Sampean majuo ta nango suket iku, lak pesing. Padahal ndek kene iki omah gawe istirahat, malah garai gak kerasan. Aku mending balek nang Sukun mas (JG2 35,36,37).</p> <p>Iyo percuma lek mung dikei gonan sampah tapi podo gak kanggo (JG3 77)</p> <p>Sue-sue engkok dadi gunung sampah ndek kene iki lek opo-opo guak nang kene (JG3 78)</p> <p>Ngene ae mene ae diresike sek ae masalah dikei pager opo enggak yo delok mene ne maneh (JG3 93,94)</p>	<p>Memacu kesadaran bersih</p>

Ndek kene akeh pring, piye enake lek ditugeli (JG3 79)	Mencoba melahirkan inovasi
Digawe kolam opo batas pager ae ben gak digawe buak bensin pesing karo gatot (JG3 81)	
Yo diketoki ae di enggo pager (JG3 84) dikei pager nang ngarep semak ae iki lo dikei pageran dowo tapi cilik engkok semake disikati kabeh ben resik, kerja bakti tenanan (JG3 88,89)	
Saiki manfaatne pring ae mas Mohan. Eman gak kanggo malah godonge lek kakehan isok-isok garai kotor maneh (JG6 37,38)	
Bendino disapu ae gantian. Engkok tak nyele selang nang dinas seng dowo biru iku loh, ben sore siram-siram sak blok ben gak debu (JG6 39,40)	
Biasane kan nang deso onok kegiatan sedekah bumi, lah ndek kene diadakno pisan ae. Sedekah bumi kabeh warga gowo panganan sak onoke, iso teko tanduran sing ditandur iki terus mangan bareng (JG12 22,23,24)	
Yaopo lek sisane pring iki digawe gapuro? Sing tak delok ndek isor iku, wong-wong pengunjung bakalan tertarik melbu lek onok gapurone (JG16 11,12)	

Tapi enak yo masio Jagongan ngene sepi ketoke tapi wayah agenda kabeh melok. Mas Andik bojone Yuli iku gak tau melok kumpul tapi melok nyandak langsung eh (JG6 29,30)	Warga berkumpul
Wayah garap wong piro wingi? 20 ae onok koyoke (JG6 31,32)	
Wong 19 pak (JG6 33)	
yowes ayo saiki turu, jogo tenogo ben mene iso tangi isuk. Nempleki topeng sisane ambek ngecat pager. Ben kelakon kabeh. Mene tak gorengno tahu krispi, aku onok bahane. Kopi rokok panggah urunan yo (JG9 54,55,56)	
Masio kegiatanane gak sepiro, hasile ikuloh gaiso diremehno. Deso bersih, warga rukun (JG16 36,37)	

iyu mene ae diketoki pring-pring iki. Digae pager di cat terusan (JG6 50)	Pembuatan taman
iyu Ton, gawe pageran (JG6 57)	
aku due topeng cilik sak lusin bee onok, templekno sisan masuk koyoke (JG6 58)	

Digawekno struktur ae jantiwet e (JG9 30)	Ide struktur Jantiwet
Lek aku delok teko semangate wong-wong iku koyoke isok melaku terus <i>Jantiwet</i> iki mas (JG10 6,7)	

mau isuk aku ketemu Kung. Kung iku sing dituwekno ndek kene. Dee kan ndek kidul, jarene warga kidul gak gelem kalah ambek warga kulon. Diresiki kabeh, podo ambek kene. Maringene kan warga isor yo kepingin. Akhire iso nyambung kabeh terus dirangkul nang <i>Jantiwet</i> (JG10 26,27,28)	Manfaat Jantiwet
Mangkane saiki mumpung onok <i>Jantiwet</i> cek isok dadi wadah kabeh	

warga mengutarakan pendapate (JG12 45,46)	
iyo mas, <i>Jantiwet</i> memberikan sesuatu yang baru mas (JG16 10)	

Saiki wis enak rapate, jagong e penak wis resik ngene coy (JG6 2,3)	Tumbuh kesadaran mera-wat kebersihan
Mene ngarep omahku tak tukukno kembang ae (JG6 21)	
Jane lek resik ngene ditanduri opo ae isok (JG6 16)	
Lek onok lebihne cat e di kanggo gambar tembok omah-omah e kabeh ae ben gak ketok serem omahe gaenek cat e. Lek murup kan iso ketok malah apik, mendukung kebersihan (JG9 38,39, 40)	
Pokoke fungsi sing digarap kene teroptimalkan ae. Koyok pager taman iki lak dipasang ben warga gak buak sampah sembarang (JG9 45)	
lah aku dewe yo kemproh, buak sampah sembarang. Saiki lek wes apik ngene pirang-pirang dino iki aku yo buak sampah nang panggone. Arek-arek cilik yo gak buak sampah es nang kono. Podo jogone ae ben podo resik ben podo apik (JG9 47,48,49,50)	

sing kurang iku yo jeding iku mas kudu diresiki, ditukukno kran anyar sing rusak terus seng buntu wc ne dikuras (JG12 67,68)	Respon kondisi kamar mandi
bener sarane bang Heri mau, digawe kerja bakti. Seng due jeding kan kabeh sak blok kene, yo kudune kerja bakti bareng (JG12 69,70)	

iyu, saiki wis bersih kampunge, lek bersih ngene, gaenek kuman sing gowo penyakit. Kan kuman iku teko urip kemproh ya? Mangkane ayo do jogo, do noto kebiasaan sing apik (JG12 56,57)	Sadar hidup sehat
siap ndan, kudu dijogo tenanan ben gak gampang penyakiten, wes melarat, loro sisan, kan gak masuk hehe (JG12 58,59)	

Lampiran 17: Jagongan Hari Ketujuh Belas

Malang, 14 Agustus 2017

Pak Andik : iki wis podo ngumpul, ngenteni sopo mas?

Pak Gatot : sek ngenteni Heri Tahwa ambek Widodo.

Pak Andik : tak susule yo?

Pak Gatot : Kung sisan susulen.

Kung : Assalamualaikum.

Waalaikumsalam

Pak Heri : piye iki sidone?

Pak Kordinator : iyo acara opo iki? Aku kok seneng nyawang akur kabeh ngene iki. Lek desone akur, wong jobo gabakal iso ngerusak. Lek akur ngene iso dadi keluarga raket, podo jogo bareng-bareng.

Pak Heri : iyo ikilo mau jare Gatot ate gawe upacara.

Pak Mbing : mas Mohan mambengi seng ngonep, monggo mas jelasno.

Mohan : oh nggeh. Assalamualaiku, sakderenge kulo amit lan matur suwun teng bapak-bapak ingkang sampun rawuh. Pertama-tama, saya mau menjelaskan tentang agenda yang dibuat bersama, khususnya agenda yang sudah dibuat oleh warga desa blok barat. Agenda yang sudah dibuat antara lain, bersih lingkungan, bersih kamar mandi dan membuat taman topeng mini sebagai penangkal warga agar tidak membuang sampah di sekitar lingkungan rumah. Seluruh kegiatan yang sudah dilakukan merupakan rencana hasil dari aktivitas Jagongan warga blok barat desa yang diberi nama "*Jantiwet*". *Jantiwet* adalah singkatan dari Jagongan Anti Ruwet dimana semua permasalahan yang ada di desa dibahas dan diberikan solusi dengan metode musyawarah yang dalam hal ini adalah Jagongan. Berbagai kegiatan yang kiranya sudah membawa hasil dan perubahan di blok barat Desaku Menanti, menjumpai niat baik untuk menyebarkan virus kebaikan dari *Jantiwet* ke seluruh warga desa agar dapat dinikmati oleh seluruh warga desa, bukan hanya dinikmati oleh sebagian warga. Niat baik ini ditemukan pada jagongan yang kesekian kali yang tepatnya sudah dilaksanakan pada malam hari kemarin. Pak Heri Brewok, pak Gatot, pak Imron, pak Mbing dan warga lainnya mempunyai keinginan untuk memeriahkan *Agustus-an* dengan kegiatan upacara. Memang dalam pendapat yang sudah dirumuskan bersama terkait upacara menjumpai permasalahan pada seragam dan aksesoris upacara dimana dana yang ada tidak memungkinkan untuk dipakai. Alhasil, dalam jagongan semalam, kita menemukan solusi untuk memudahkan kegiatan yang diinginkan oleh kita bersama yaitu dengan memakai pakaian sederhana. Kemudian masalah tiang bendera akan dipasang menggunakan bambu yang tidak terpakai di selatan desa. Saya sebagai perwakilan warga blok barat dan perwakilan dari anggota *Jantiwet*, mengajak kita semua dan tentunya terlebih dahulu meminta ijin kepada kordinator desa untuk melangsungkan kegiatan upacara desa yang akan dilaksanakan pada tanggal 17 Agustus 2017 besok. Sebelum acara upacara dimulai, pada tanggal 16 Agustus akan dilaksanakan kerja bakti bersama yang dilakukan oleh seluruh warga desa. Kemudian pada malam hari di tanggal 16 Agustus, sebagai warga Kota Malang, kita tidak melupakan tradisi Syukuran yang juga akan mengajak seluruh warga desa dengan seizin bapak Kordinator desa.

Pak Kordinator : alhamdulillah mas, kok apik ngono yo kegiatan samean kabeh? Aku sebagai kordinator mas, selalu mendukung adanya agenda apapun demi kebaikan warga dan kerukunan. Yang terpenting adalah guyub rukun mas. Lek wis rukun, gawe acara sing berkaitan untuk mengindahkan desa bakale gampang. Masalah upacara engkok kabeh kudu melok mas, aku sing memberikan perintah kepada semuanya. Engkok Kung dadi kemanan. Isok yo Kung?

Kung : aku gak janji ya? Bokane gak gelem tapi aku wedi diundang nang Balai Kota soale aku terdaftar sebagai pekerja Linmas Kota eh.

Pak Kordinator : iyowes gampang engkok samean kari nunjuk mas opo ae sing dibutuhno. Lek syukuran iku gausa diomong mas, soale dek kene roto-roto kan teko daerah Sukun ambek daerah Muharto, mestine paham opo sing kudu dilakoni.

Mohan : upacara niki butuh tim panitia upacara pak. Butuh pembina upacara, mengke dalam hal ini biar kito pilih dugi pembina desa ben saget dinikmati kale tiyang yang berhubungan dengan desa teng meriki. Butuh komandan upacara, paskibraka, pembaca teks Pancasila, pembaca teks Pembukaan UUD 1945, MC upacara, kale pemimpin barisan. Lek MC kedah wedok ben iso merdu ngoten hehe.

Kordinator : ngene ae mas, saiki ae dirumusne bareng-bareng mumpung podo kumpul.

Mohan : nggeh pak, mengke sak mangken upacara kulo kale rencang-rencang PKL sudah iuran untuk makan-makan bersama se desa dan disumbang oleh dinas sosial Kota Malang. Sebelumnya tetap ada kerja bakti biar kondusif sak derenge upacara dimulai.

Kordinator : piye dulur? Setuju kabeh gak iki?

SETUJU, hajar soy, masuk, pokoke melaku bareng.

Pak Mbeng : wis ayo mas, dipimpin doa terus bubar ben wong-wong iso podo budal nyambut. Engkok sing baca teks upacara cekne kelompok samean utowo koncone sampean sing weedok-wedok ae, seng lanang-lanang fokus nang kerja bakti ambek tuku bahan masakan.

Mohan : nggeh pun , kulo tutup, matur suwun rawuhipun, Al-Fatihah. Assalamualaikum.



Lampiran 18: Observasi Pasca Intervensi

16 Agustus 2017-22 Agustus 2017

Peneliti mengobservasi lapangan, Desaku Menanti Kota Malang sebagai objek penelitian pada tanggal 16 Agustus 2017-22 Agustus 2017. Waktu observasi pukul 11.00 WIB sampai 21.00 WIB di hari pertama dan pukul 07.00 WIB sampai dengan pukul 14.00 WIB di hari kedua. Fokus objek lapangan peneliti adalah blok barat Desa Desaku Menanti Kota Malang. Peneliti melihat kondisi lingkungan dilengkapi taman yang diberi pagar dari bambu dengan cat warna-warni. Taman tersebut berisi bunga, tanaman hias, pohon pisang, pohon markisa, dan pohon lainnya. Terlihat warga menyirami tanaman tersebut. Ia menyirami dengan air yang dialirkan dari selang warna biru yang disambungkan dengan kran di depan kamar mandi timur blok barat desa.

Peneliti melihat anak-anak kecil bermain di sebelah taman yang dihiasi topeng mini di setiap ujung pagarnya. Di lokasi tersebut awalnya lahan kosong, lalu diberikan fasilitas bermain untuk anak-anak desa berupa panjatan, ayunan dan jungkat-jungkit. Pagar taman didirikan dengan ukuran tinggi guna menghindari untuk dimasuki anak-anak kecil. Hal itu mengantisipasi tanaman rusak dan kotor.

Dahulunya taman tersebut digunakan warga sebagai tempat pembuangan sampah dan buang air kecil serta membuang bekas air cucian dan dapur. Saat ini, peneliti tidak melihat warga melakukan hal yang sama. Warga mencuci baju di kamar mandi. Kondisi kamar mandi kini tidak ada sampah bekas bungkus shampoo dan sabun. Kamar mandi tidak berlumut dan keempat kamar mandi timur blok barat desa Desaku Menanti berfungsi dengan baik. Kran keempat kamar mandi tersebut berfungsi dengan baik. Tidak ada kran yang macet.

Tong sampah di depan rumah warga dipenuhi banyak sampah rumah masing-masing. Peneliti melihat warga membuang sampah pada tong sampah. Terdapat salah seorang warga yang menegur pemuda yang membuang sampah plastik di sembarang tempat.

Peneliti melihat di setiap pukul 19.00-20.00 warga berkumpul di depan gardu blok barat desa. Warga melakukan kegiatan jagongan. Bahasan dalam setiap jagongan yang dilakukan itu mengenai seputar pengembangan desa. Terdapat 7 orang dalam malam hari pertama observasi dan 5 orang dalam hari kedua observasi. Mereka melaksanakan jagongan dengan tidak disengaja.

Peneliti melihat warga melakukan latihan upacara gladi bersih pada pukul 20.00 WIB. Latihan gladi bersih upacara didampingi oleh karang taruna desa. Menurut beberapa informasi dari warga setempat, Desaku Menanti memiliki karang taruna yang berisi pemuda-pemudi desa untuk mendukung kegiatan kepemudaan desa. Karang taruna dibentuk oleh warga atas kesepakatan bersama.

Warga melaksanakan kegiatan bari'an di malam 17 Agustus di Musholla desa. Semua warga laki-laki berkumpul berdoa bersama dan menukar makanan yang mereka bawa kepada sesama warga. Terdapat 28 warga laki-laki yang mengikuti kegiatan bari'an. Peneliti melihat warga melakukan upacara bendera pada tanggal 17 Agustus 2018 di lapangan desa. Hampir seluruh warga desa mengikutinya. Terdapat beberapa warga yang tidak ikut melakukan upacara karena sedang mendapatkan tugas kerja menjaga keamanan di desa sebelah. Ada 71 orang warga mengikuti upacara bendera. Upacara bendera diikuti oleh semua lapisan usia, mulai dari anak-anak hingga orang dewasa.

Lampiran 19: Wawancara Bersama Warga Bernama Imron

Malang, 23 Agustus 2017

Mohan : Assalamualaikum, lujeng pak Ron?

Pak Imron : Alhamdulillah mas, waduh tambah ganteng saiki yo hehe.

Mohan : Apane pak Ron, mung ngena ngene ae hehe.

Pak Imron : Teko endi iki? Ayo melbu sek, sek tak gawekno wedang, kopi ireng opo kopi susu?

Mohan : Aku opo ae pokok teko saman pasti tak ombeh.

Pak Imron : Haha oke masuk, kopi susu ae lek unu, kopine diombeh susune dicekeli hahaha.

Mohan : Sembarang manut haha.

Pak Imron : Piye rek gatau disambangi desone hehe.

Mohan : Bukan gatau nyambangi pak Ron, sek ngurus penelitian iki, piye kabare wong-wong?

Pak Imron : Deloken dewe ae perubahane, jeding saiki resik, wis gaenek lumute. Aku ae kerasan nang jeding. Biasane lek umbah-umbah paling wegah, saiki wis enak jedinge. Onok jadwal rutine han, sing mari adus, wajib ngerisiki. Iku wis otomatis, awale yo alon-alon, jagongan terus diomongne masalah jeding.

Mohan : Alhamdulillah mulai sadar nang kebersihan saiki.

Pak Imron : Iyo, opomaneh taman iku. Biyen kan gawe buake sampah, saiki yo wis gak wani kerono tamane apik lan rrijik. Arek-arek cilik tak seneni lek buak sampah neng kunu. Dikei pageran kan ben gak diidek-idek arek cilik-cilik.

Mohan : Pagerane kok tambah dukur? Tambah dowo ih.

Pak Imron : Iyo berkembang terus, ambek sambung dungo ya han ben awet.

Mohan : Iyo aku melok seneng lek ngene. Dadi iso fokus, gak mung pak Bambang tok sing resik-resik hehe.

Pak Imron : Pak Bambang saiki mek nyalurno teko buakan ngarep deso nang gone ngarep embong kono han.

Mohan : Oalah dadi wis gak atek keliling yo?

Pak Imron : Engga han, sampahe wis dibuaki dewe ambek warga, soale lek gak gelem buak sampah nang ngarepan pojok kono hukumane digojloki kok haha dadi saiki do sadar kabeh. Lek ngene kan enak yo han kalem-kalem, tapi yo tetep ae siji loro uwong sing gak berubah, yo kudu alon-alon dikei pengertian.

Mohan : Loh sing ngei pengertian sopo biasane?

Pak Imron : Yo sopo ae sing ketok han. Saiki modele lek buak sampah sembarang, nguyoh sembarang lan gak resik-resik jeding lan kampung iku wong-wong do isin. Buktine koyok sebelah pak Bu iku, ga tau muncul kan saiki, nag omah tok. Soale isin dee gatau melok lapo-lapo.

Mohan : Loh ojok ngunu jane pak Ron, dirangkul lah.

Pak Imron : Iyo panggah tak ajak lek enek kegiatan opo ta opo.

Mohan : Muasuk, au ajaken sisan ta haha.

Pak Imron : Apante ilang-ilang terus ngono. Dolen kene han, saaken pak Mbing kadung kerasan rene gaenek kancane ngobrol lek dalu, awakmu tok sing iso ngimbangi dee haha.

Mohan : Emang jagongan ga melaku?

Pak Imron : Jagongan meh bendino han, bahas kemajuan, mari iki, iku, terus liyane, sampek enek jadwal ronda barang kok. Iki ae te upacara maneh. Meluo ya. Tanggal 16 bari'an, 17 e upacara.

Mohan : Iyo ta? Panitiane cepak? Sopo sing nyusun?

Pak Imron : Bareng-bareng wingi, pas kumpul langsung bahas langsung latihan. Iki isuk mau wis latihan. Petugase podo koyok wingi, cuma bedone mek nang komandan barisan, digilir, soale kan gampang mek ngunu tok. Lek liyane wong-wong isin jarene, koyok wong ayu ae wong-wong kene atek isin nang tonggone dewe haha.

Mohan : Iyo tak melok aku, tak bagian doa ae tapi amplopi yo ben oleh hasil haha.

Pak Imron : Amplop tok ta? Haha iki ae duek urunan han, biasane mosok gelem wong-wong urunan? Saiki wis do gelem. Alhamdulillah.

Lampiran 20: Wawancara Bersama Warga Bernama Ningsih

Malang, 30 Agustus 2017

Saya : Assalamualaikum, sehat mbak Ningsih?

Mbak Ningsih : Waalaikum salam, ealah alhamdulillah waras. Tak kiro sopo mau, tibake lakone teko eh. Yopo waras ya? Piye kuliae?

Saya : Alhamdulillah dungakne lancar ya mbak Ning.

Mbak Ningsih : Iyo ta, dungo terus aku haha

Saya : Arek-arek do sehat?

Mbak Ningsih : Sehat han, Nanda sing mari gering. Tapi saiki wis waras. Kakean dolen iku. Seminggu meneng nag Sukun moleh-moleh gering.

Saya : Endi areke saiki.

Mbak Ningsih : Iku lagi metu mau ambek arek-arek, paling yo mancing.

Saya : Yaopo kabar desone? Aman? Kok sawangane bersih ngene? Iku tandurane sopo sing nanem? Kok lebat koyok hutan saiki.

Mbak Ningsih : Aman saiki, ama lop hehe Markisae subur han. Bendino dipanen sakan uwong mangan limo buah loh sek gak ngentekno. Gerdune pak Gatot rubuh gegoro dipanciki Markisa. Kesuburen iku. Arek-arek do gaiso meneng, sing tuku babit lah nang Splindit, tuku pupuk lah. Yo dadi ngono iku saiki. Cuma lek bengi rodok sumuk, kakean godong haha

Saya : Alhamdulillah kari golek cara memanfaatkan dan membuatkan uang.

Mbak Ningsih : Iyo han, saiki ben minggu onok kerja bakti, berkat Jantiwet. Arek-arek do seneng budal gak klambian moro bersih deso. Mari resik-resik ngombene es Markisa, masuk. Meloko mben lek bersih-bersih han seru.

Saya : Iyo mbak Ning. Aku melok seneng pokok deso bersih, manfaat tandurane.

Mbak Ningsih : Iyo lah siapa dulu hehehe, saiki mek kari posyandue ambek kerjo sing durung saiki. Masalah kebersihan wis mari do rukun gotong royong ngerumat e.

Saya : Nasib jeding yopo? Sek kemproh?

Mbak Ningsih : Deloken dewe han, bersih mengkilat ngono kok haha saiki onok jadwal rutin bersihkan kamar mandi dan jogo ronda han.

Saya : Yowes alhamdulillah lek ngunu mbak. Mugo ae ae iso rutin tenanan.

Ningsih : iyo han alhamdulillah, lek ngene ga kautir aku nang arek-arek. Lek kampunge kumuh iku isok kuatir banget aku wedi arek-arek kenek penyakit han. Saiki anak e Gatot wis waras, disek kan kumat-kumatatan.

Saya : ohiyo seng kenek DBD iku yo mbak?

Ningsih : iyo, la anak-anakku akeh han, cilik-cilik sekan, wedi aku.

Saya : saman kontrol ae pokok rencana Jantiwet melaku terus, insya allah bakale aman.

Ningsih : bener iku, wong isor yo do melu, dinas yo kaget ko iso kampunge berubah, teko sing ga rukun dadi rukun, sing kumuh dadi bersih.

Saya : mandaro ae ngene terus ya

Ningsih : amin amin

Lampiran 21: Kumpulan Fakta Pasca Intervensi

1. Aku kok seneng nyawang akur kabeh ngene iki. Lek desone akur, wong jobo gabakal iso ngerusak. Lek akur ngene iso dadi keluarga raket, podo jogo bareng-bareng (JG17 9,10)
2. agenda yang dibuat bersama, khususnya agenda yang sudah dibuat oleh warga desa blok barat (JG17 14,15)
3. Agenda yang sudah dibuat antara lain, bersih lingkungan, bersih kamar mandi dan membuat taman topeng mini sebagai penangkal warga agar tidak membuang sampah di sekitar lingkungan rumah (JG17 15,16,17)
4. Berbagai kegiatan yang kiranya sudah membawa hasil dan perubahan di blok barat Desaku Menanti, menjumpai niat baik untuk menyebarkan virus kebaikan dari Jantiwet ke seluruh warga desa agar dapat dinikmati oleh seluruh warga (JG17 21,22,23)
5. Niat baik ini ditemukan pada jagongan yang kesekian kali yang tepatnya sudah dilaksanakan pada malam hari kemarin (JG17 24,25)
6. Sebelum acara upacara dimulai, pada tanggal 16 Agustus akan dilaksanakan kerja bakti bersama yang dilakukan oleh seluruh warga desa (JG17 34,35)
7. hasil dari aktivitas Jagongan warga blok barat desa yang diberi nama “*Jantiwet*” (JG17 18,19)
8. Aku sebagai kordinator mas, selalu mendukung adanya agenda apapun demi kebaikan warga dan kerukunan (JG17 38,39)
9. Masalah upacara engkok kabeh kudu melok mas, aku sing memberikan perintah kepada semuanya (JG17 41,42)
- 10.iyowes gampang engkok samean kari nunjuk mas opo ae sing dibutuhno (JG17 45)
- 11.ngene ae mas, saiki ae dirumusne bareng-bareng mumpung podo kumpul (JG17 53)
- 12.Aman saiki, aman lop hehe Markisae subur han. Bendino dipanen saken uwong mangan limo buah loh sek gak ngentekno. Gerdune pak Gatot rubuh gegoro dipanciki Markisa. Kesuburen iku. Arek-arek do gaiso meneng, sing tuku bibit lah nang Splindit, tuku pupuk lah. Yo dadi ngono iku saiki (WCN 13,14,15,16)
- 13.ben minggu onok kerja bakti, berkat Jantiwet. Arek-arek do seneng budal gak klambian moro bersih deso. Mari resik-resik ngombene es Markisa (WCN 18,19)
- 14.saiki mek kari posyandue ambek kerjo sing durung saiki (WCN 22)
- 15.Masalah kebersihan wis mari do rukun gotong royong (WCN 23)
- 16.Deloken dewe han, bersih mengkilat ngono kok haha saiki onok jadwal rutin bersihkan kamar mandi dan jogo ronda han. (WCN 25,26)
- 17.lek ngene ga kautir aku nang arek-arek. Lek kampunge kumuh iku isok kuatir banget aku wedi arek-arek kenek penyakit han (WCN 28,29)
